

**RITUAL JAMASAN WONTEN ING PAGUYUBAN PENGHAYAT
KEPERCAYAAN TERHADAP TUHAN YANG MAHA ESA SASTRA**

JENDRA HAYUNINGRAT PANGRUWATING DIYU

SKRIPSI

Dipunajengaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta
minangka Jejangkeping Pandadaran

Anggayuh Gelar

Sarjana Pendidikan



Dening

Nur Afif Wibowo

NIM 10205241065

PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA

FAKULTAS BAHASA DAN SENI

UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA

2014

PASARUJUKAN

Skripsi kanthi Irah-irahan “Ritual Jamasan wonten ing Paguyuban Penghayat Kepercayaan Terhadap Tuhan Yang Maha Esa *Sastrajendra Hayuningrat Pangruwating Diyuh*” menika sampun pikantuk pasarujukan dening dosen pembimbing saha sampun siyaga dipunlajengaken ujian.



Yogyakarta, 3 Juli 2014

Pembimbing

A handwritten signature in black ink, appearing to read "Dr. Suwardi, M.Hum.", is written over a horizontal line.

Dr. Suwardi, M.Hum.

NIP. 19640403 199001 1 004

PANGESAHAAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Ritual Jamasan Wonten ing Paguyuban Penghayat Kepercayaan Terhadap Tuhan Yang Maha Esa Sastra Jendra Hayuningrat Pangruwating Diyu* menika sampaun dipunandharaken wonten ing pendadaran ing sangajengipun Dewan Penguji ing surya kaping 17 Juli 2014 saha dipuntetepaken lulus.



Yogyakarta, 21 Juli 2014
Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta



Prof. Dr. Zamzani, M.Pd.

NIP. 19550505 198011 1 001

WEDHARAN

Ingkang tapak asma wonten ing ngandhap menika, kula:

Nama : Nur Afif Wibowo

NIM : 10205241065

Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa

Fakultas : Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta

medharaken bilih skripsi menika damelan kula piyambak. Sapangertosan kula, wosing skripsi menika beda kaliyan skripsi ingkang sinerat dening tiyang sanes, kajawi bab tartamtu ingkang kula pendhet kangge pamanggih dhasar kanthi njumbuhaken tata cara saha etika panyeratipun. Menawi wedharan menika kabukti boten leres, dados tanggel jawab kula piyambak.

Yogyakarta, Juli 2014

Panyerat,



A handwritten signature in black ink, appearing to read "Nur Afif Wibowo". The signature is fluid and cursive, with a large, stylized 'N' at the beginning.

Nur Afif Wibowo

SESANTI

“*Ing Lahir Angudi Kardi, Sajroning Batin Angesthi Kersaning Gusti*”

(anonim)

“*Mbegegeg ugeg-ugeg sadulita humel-humel*”

(Ki Lurah Badranaya)

PISUNGSUNG

Alhamdulillah, kula aturaken Dhumateng Gusti Allah Ingkang Maha Agung,
skripsi menika kula pisungsungaken dhumateng tiyang sepuh kekalih kula, bapak
Warno saha ibu Sarti awit saking panjurung ingkang awujud bea, pandonga saha
sih katresnan ingkang tanpa winates.

PRAWACANA

Puji syukur konjuk dhumateng Gusti Allah SWT ingkang Maha Welas lan Asih, ingkang sampun paring rahmat, hidayah saha inayah saengga skripsi kanthi irah-irahan ***“Ritual Jamasan Wonten Ing Paguyuban Penghayat Kepercayaan Terhadap Tuhan Yang Maha Esa Sastra Jendra Hayuningrat Pangruwating Diyu”*** menika saged kaimpun kanthi kalis ing sambekala. Skripsi menika kaserat kangge njangkepi salah satunggaling sarat pikantuk *gelar* sarjana pendidikan.

Skripsi menika kaserat kanthi pambiyantu saking Bapak Dr. Suwardi, M. Hum minangka *pembimbing* ingkang tansah kanthi sabar saha premati maringi bimbingan tumrap panyerat.

Skripsi menika saged rampung anggenipun nyerat amargi awit sampun dipunsengkuyung saking mapinten-pinten *pihak*. Awit saking menika, panyerat ngaturaken agunging panuwun dhateng:

1. Bapak Prof. Dr. Zamzani, M. Pd. minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta,
2. Bapak Dr. Suwardi, M. Hum. minangka Pangarsa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah saha minangka dosen *pembimbing* ingkang paring pambiyantu saha panyengkuyung supados nyekapaken skripsi,
3. Bapak Ibu Dosen Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring kawruh mawarni-warni ingkang murakabi saha staf administrasi jurusan PBD ingkang sampun biyantu babagan administrasi tumrap panyerat,
4. *Dewan penguji* sadangunipun Ujian Tugas Akhir Skripsi ingkang sampun paring pitedah dhateng panyerat kangge damel skripsi saha ujian saged katampi,
5. KPH Darudriyo Sumodiningrat minangka sesepuh saha *Ketua Umum* Paguyuban Sastra Jendra Hayuningrat Pangruwating Diyu ingkang sampun paring wejangan saha pangestunipun,
6. KRT Cipta Asmara Adinagoro minangka ketua DPC kabupaten Wonogiri ingkang sampun paring ijin panaliten saha pambiyantu awujud informasi supados saged nyekapaken skripsi menika,

7. Bapak Wardoyo saha mas Wiwik Bagus Marsiwi ingkang sampun paring pambiyantu awujud informasi supados saged nyekapaken skripsi menika,
8. Tiyang sepuh kekalih kula Bapak Warno kaliyan Ibu Sarti, saha nimas Kiki Nopitasari, sarta sedaya kulawarga ingkang sampun paring panyengkuyung, pandonga saha pambiyantu,
9. Kanca-kanca kelas B 2010 ingkang tansah paring motivasi,
10. Ibu Sudjiani Hadibowo, saha kanca KKN-PPL Firman mondholt, Agung Bull, mbah Dimun, mbak Abeth, mbak Nita, saha mbak Berta, ingkang sampun paring panglipur saha motivasinipun,
11. Kanca saking Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, sarta sedaya pihak ingkang boten saged panyerat sebataken setunggal mbaka setunggal, ingkang sampun paring donga saha panjurung tumrap panyerat saengga skripsi menika saged kaimpun,

Temtu kemawon skripsi menika dereng saged kawastanan sae, jangkep, menapa malih sampurna. Pramila saking menika, sedaya pangandikan menapa dene panyaruwe ingkang tumuju amrih langkung sae, jangkep, saha sampurnaning skripsi menika, tansah katampi kanthi bingahing manah saha atur agunging panuwun. Wasana kanthi raos andhap asor panyerat gadhah pangajap mugi-mugi skripsi menika saged murakabi tumrap pamaos saha panyerat.

Yogyakarta, Juli 2014

Panyerat,



Nur Afif Wibowo

**RITUAL JAMASAN WONTEN ING PAGUYUBAN PENGHAYAT
KEPERCAYAAN TERHADAP TUHAN YANG MAHA ESA SASTRA
JENDRA HAYUNINGRAT PANGRUWATING DIYU**

**Dening:
Nur Afif Wibowo
NIM 10205241065**

SARINING PANALITEN

Panaliten menika gadhah ancas kangge ngandharaken (1) lampahing prosesi Ritual Jamasan wonten ing Paguyuban Penghayat Kepercayaan Terhadap Tuhan Yang Maha Esa Sastra Jendra Hayuningrat Pangruwating Diy, (2) ngandharaken makna simbolik piranti jamasan, (3) ngandharaken paedah saking upacara Ritual Jamasan.

Panaliten menika kalebet jinis panaliten *kualitatif*. Cara ingkang kaginakaken kangge ngempalaken data inggih menika kanthi migunakaken *pengamatan berperan serta, wawancara mendalam saha dokumentasi*. Piranti ingkang kaginakaken kangge ngempalaken data inggih menika panaliti piyambak ingkang kabiyantu migunakaken piranti *kamera, hand phone, buku cathetan, lan laptop*. Data dipunanalisis kanthi cara analisis *induktif*. Data dipunsahaken kanthi cara triangulasi data.

Asiling panaliten menika nedahaken bilih (1) lampahing prosesi ritual dipunwiwiti saking cecawis piranti saha papan ingkang badhe dipunginakaken kangge Ritual Jamasan, salajengipun prosesi Ritual Jamasan dipuntindakaken lan dipunpungkasi kanthi meditasi, (2) piranti-piranti ingkang dipunginakaken wonten ing Ritual Jamasan menika nggadhahi simbol-simbol tartamtu ingkang gayut kaliyan pagesangan manungsa lan mujudaken panyuwuwunan saking tiyang ingkang nindakaken Ritual Jamasan menika, mliginipun tumrap warga Paguyuban Sastra Jendra Hayuningrat Pangruwating Diy menapa dene masyarakat sanesipun, (3) ritual jamsan wonten ing Paguyuban Sastra Jendra Hayuningrat Pangruwating Diy menika gadhah paedah tumrap warga paguyuban menapa dene masyarakat sanesipun ingkang arupi paedah spiritual, paedah sosial, saha paedah nguri-uri tradhisi.

Pamijining Tembung: Ritual Jamasan, Piranti, PSJHPD

WOSING ISI

	Kaca
IRAH-IRAHAN	i
PASARUJUKAN	ii
PENGESAHAN	iii
WEDHARAN	iv
SESANTI	v
PISUNGSUNG	vi
PRAWACANA	vii
SARINGING PANALITEN	ix
WOSING ISI	x
DHAPTAR GAMBAR	xiii
DHAPTAR LAMPIRAN	xiv
BAB I PURWAKA	
A. Dhasaring Panaliten.....	1
B. Wosing Perkawis	3
C. Ancasing Panaliten	5
D. Paedahipun panaliten.....	5
BAB II GEGARAN TEORI	
A. Kabudayan.....	7
B. <i>Folklor</i>	9

C. Upacara Tradisional	11
D. Makna Simbolis.....	12
E. Jamasan	13
F. Panaliten Ingkang Jumbuh	14

BAB III CARA PANALITEN

A. Jinising Panaliten.....	18
B. <i>Setting</i> Panaliten.....	18
C. Sumber Data Panaliten.....	19
D. Cara Manggihaken Informan.....	20
E. Cara Ngempalaken Data.....	20
1. Pengamatan Berperan Serta.....	21
2. Wawancara Mendalam	21
3. Dokumentasi.....	21
F. Pirantosing Panaliten.....	22
G. Caranipun Nganalisis Data.....	22
H. Caranipun Ngesahaken Data.....	23

BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

A. Sejarah Paguyuban Sastra Jendra Hayuningrat Pangruwating Diyu.....	25
B. Deskripsi <i>Setting</i> Panaliten	26
1. Andharan Ritual Jamasan	26
2. Paraga Ritual Jamasan saha Informan.....	28
a. Paraga Ritual Jamasan.....	29
b. Informan Panaliten	29
C. Lampahing Prosesi Upacara Ritual Jamasan.....	30
1. Cecawis jamasan.....	30
a. Cecawis Papan	30
b. Cecawis Piranti	30

2. Lampahing Ritual Jamasan	33
a. Manembah Marang Gusti.....	33
b. Mujekaken Leluhur.....	35
c. Sembah Jaja	36
d. Cipta Raga	38
e. Nyucekaken Tataran Pitu	40
f. Napak Jalak	45
g. Meditasi	48
D. Makna Simbolik Piranti Ritual Jamasan.....	51
1. Wesi Aji	51
2. Anglo	53
3. Dupa	53
4. Tapak Jalak	55
a. Sekar Telon.....	57
1) Sekar Mawar	57
2) Sekar Kanthil	58
3) Sekar Mlathi	59
b. Rajah Tapak Jalak	60
1) Abrit	61
2) Pethak	61
3) Jene	61
4) Cemeng	62
5) Panjer	62
E. Paedah Prosesi Ritual Jamasan	64
1. Paedah Spiritual	64
2. Paedah Sosial	67
3. Paedah Nguri-uri Tradhisi	68

BAB V PANUTUP

A. Dudutan	72
B. <i>Implikasi</i>	78

C. Pamrayogi.....	78
KAPUSTAKAN	79
<i>LAMPIRAN.....</i>	81

DHAPTR GAMBAR

	Kaca
Gambar 1 : Peta Kecamatan Bulukerto.....	27
Gambar 2 : Dhenah papan ritual jamasan	28
Gambar 3 : Sekar Telon	31
Gambar 4 : Sekar Telon Wonten Ing Baskom.....	31
Gambar 5 : Anglo	32
Gambar 6 : Wesi Aji dipunobong	33
Gambar 7 : Sembah Luhur.....	34
Gambar 8 : Sembah Cipta.....	35
Gambar 9 : Sembah Jaja.....	37
Gambar 10 : Cipta Raga1.....	38
Gambar 11 : Cipta Raga 2.....	40
Gambar 12 : Nyepeng Wesi Aji.....	41
Gambar 13 : Nyucekaken Tataran Pitu.....	42
Gambar 14 : Ngrajah Tapak Jalak.....	46
Gambar 15 : Napak Jalak.....	47
Gambar 16 : Ngunjuk Toya Sekar Tapak Jalak.....	48
Gambar 17 : Meditasi.....	49
Gambar 18 : Tatah.....	52
Gambar 19 : Anglo.....	53
Gambar 20 : Dupa	54
Gambar 21 : Rajah Tapak Jalak.....	56
Gambar 22 : Tapak Jalak.....	56
Gambar 23 : Sekar Mawar	58
Gambar 24 : Sekar Kanthil	59
Gambar 25 : Sekar Mlathi	60

DHAPTAR LAMPIRAN

	Kaca
CLO 01 : <i>Deskripsi setting Ritual Jamasan</i>	81
CLO 02 : Damel Sekar Tapak Jalak	83
CLO 03 : Nyamaptakaken Piranti Wesi Aji	85
CLO 04 : Nyamaptakaken PapanRitual Jamasan	87
CLO 05 : Ritual Jamasan	89
CLW 01 : KRT Cipta Asmara Adinagoro.....	91
CLW 02 : Bapak Wardoyo	98
CLW 03 : Mas Wiwik Bagus Marsiwi.....	100

BAB I

PURWAKA

A. Dhasaring Panaliten

Islam, Katolik, Kristen Hindu, Budha, lan Kong Hu Cu inggih menika agami-agami ingkang wonten ing Indonesia lan sah miturut Undang- Undang. Sasanesipun agami resmi menika, wonten saperangan klompok aliran utawi paguyuban kanthi *karakteristik* tartamtu. Klompok-klompok menika asring dipunwastani aliran kapitayan (*aliran Kepercayaan*) lan kawontenanipun dipunakeni dening pemerintah Indonesia minangka *komponen* budaya (ingkang kedah dipunbedakaken kaliyan agami).

Aliran *penghayat kepercayaan Terhadap Tuhan Yang Maha Esa* ngrembaka ing nuswantara, mliginipun ing Jawa. Miturut pawarta Antara, nalikanipun tasih tahun 1972 sampun wonten 644 aliran ing Indonesia, 217 ing tingkat Pusat, lan 427 ing tingkat cabang. Aliran *penghayat kepercayaan* utawi aliran kebatinan tumrap tiyang Jawi dados kapitadosan ingkang asipat mistis. Aliran kapitayan menika sanes kalebet agami. Bedanipun kaliyan agami formal menawi klompok *penghayat* kapitayan punika nalikanipun nindakaken lampah (laku) dhumateng Gusti, kanthi raos manembah sajroning batos sarta dipunjumbuhaken kaliyan sistem budaya tartamtu, mliginipun Budaya Jawa. Masyarakat umum mangertos bilih *penghayat kepercayaan* utawi aliran kebatinan menika sanes agami formal kados 6 agami ingkang sampun dipunsahaken kaliyan pamerintah Republik Indonesia saha ugi sanes agami enggal, amargi aliran

kebatinan punika sampun wonten saderengipun agami formal dugi wonten ing Indonesia. Aliran kebatinan minangka kabudayan nasional, amargi punika warisan *kekayaan rohani* saking para leluhur.

Paguyuban *Sastrra Jendra Hayuningrat Pangruwating Diyu* (PSJHPD) inggih menika salah satunggaling aliran *Penghayat Kepercayaan Terhadap Tuhan Yang Maha Esa*. PSJHPD minangka salah satunggaling budaya spiritual tilaranipun leluhur bangsa Indonesia ingkang sampun ngrembaka lan dipunhayati dening masyarakat Indonesia. Paguyuban menika salah satunggaling aliran kapitayan ingkang anggotanipun kathah, kasebar ing wilayah Indonesia wiwit saking Sumatera, Jawa, bali, NTT, Kalimantan, Sulawesi lan saperangan wonten ingkang saking negara manca kados Malaysia lan Singapura. PSJHPD minangka salah satunggaling sarana kangege para warga penghayat budaya spiritual *Sastrra Jendra Hayuningrat Pangruwating Diyu*, kangege nguri-uri saha nglestantunaken punapa ingkang dados *filsafat* spiritual.

Sedaya wujud kabudayan tamtunipun gadhah upacara-upacara utawi patrap ingkang dipuntindakaken, jumbuh miturut adat pakulinanipun kanthi cara turun- temurun. Semanten ugi ing PSJHPD, upacara-upacara ingkang jumbuh kaliyan ajaranipun tasih dipunuri-uri dening para warganipun. Salah satunggal ingkang asring dipuntindakaken inggih menika ritual jamasan. Jamasan wonten ing PSJHPD kalebet salah satunggaling wujud upacara tradhisi. Upacara jamasan ing paguyuban menika dipuntindakaken ing saben dinten punapa kemawon manut miturut kapitadosanipun piyambak.

Ritual jamasan ing PSJHPD beda kaliyan ritual jamasan pusaka ingkang sampun wonten ing kabudayan Pusaka Tosan Aji. Masyarakat sampun mangertos menawi jamasan menika tata upacaranipun gayut kaliyan pusaka ingkang awujud dhuwung utawi tosan aji sanesipun. Patrap utawi tata upacara ritual jamasan katindakaken kanthi njamas utawi anggenipun nyucekaken wesi aji, lan katindakaken ing wekdal tartamtu (padatanipun ing sasi Sura), ananging menawi wonten ing PSJHPD beda, boten kados mekaten.

Panaliti mendhet *bahan* kajian panaliten babagan jamasan ing PSJHPD awit saking *fenomena* budaya menika ingkang *unik*, lan beda kaliyan jamasan ingkang limrahipun katindakaken ing kabudayan Pusaka Tosan Aji, sarta ritual menika tasih lumampah dumugi ing wekdal samenika. Kajawi saking menika, tasih dereng wonten panaliten ingkang ngrembag babagan ritual jamasan wonten ing Paguyuban *Penghayat Kepercayaan Terhadap Tuhan Yang Maha Esa* “Sastra Jendra Hayuningrat Pangruwating Diyu”.

B. Wosing Perkawis

Tiyang ingkang sami menggalihaken *Ingsun* minangka guru sejati ingkang saged dipunpanggihaken kanthi cara *laku* tartamtu limrah dipuntindakaken dening sedaya *penghayat* kapitadosan. *Ingsun* menika ateges roh suci utawi Dzat Pangeran ingkang mapan wonten ing sajroning batin ingkang saged dados juru ladining tiyang wonten ing tindak-tandukipun. Para penghayat kapitadosan anggenipun manggihaken *Ingsun*, minangka margining kaslametan spiritual, ugi dipuntindakaken dening para penghayat PSJHPD kanthi cara Jamasan. Jamasan saged katindakaken ing dinten punapa kemawon, saged dinten Jum’at kliwon,

Selasa Kliwon, dinten weton saha sapanunggalanipun. Ubarampe ingkang dipunginakaken kange upacara inggih menika toya kembang setaman (mawar, kanthil, mlathi) ingkang dipunlebetaken ing baskom, saha anglo utawi keran ingkang dipunparingi geni saking areng kange bakar wesi aji.

Upacara jamasan padatanipun katindakaken ing wanci tengah dalu, upacara jamasan wonten ing paguyuban menika saged katindakaken kanthi cara piyambak punapa dene kanthi *massal* utawi sesareangan. Adicara kawiwitan kanthi dedonga langkung rumiyin. Wesi aji dipun-obong ing anglo ngantos abrit. Menawi sampun dados abrit, upacara jamasan katindakaken. Menawi jamasan dipuntindakaken kanthi massal, sedaya pamupu kanthi dipunpangarsani sesepuh sesareangan ndilat wesi aji ingkang sampun dipun-obong kaping pitu. Miturut kapitadosan warga PSJHPD, ndilat kaping pitu menika nggamaraken pitung lapis raga manungsa ingkang kedah dipunsucekaken inggih menika, wulu, kulit, daging, urat, getih, balung, lan sungsum. Sasampunipun menika wesi aji ingkang sampun dipunginakaken lajeng dipunlebetaken ing kembang setaman wonten ing baskom. Adicara jamasan dipunpungkasi sesepuh ingkang paring wejangan-wejangan babagan ilmu kasampurnan tumrap para warga paguyuban, menawi dipuntindakaken piyambak sabibaripun jamasan kedah nindakaken meditasi. Ancasipun upacara jamasan ingkang dipuntindakaken dening para warga PSJHPD inggih menika supados para warga saged eling lan waspada, saha saged tumindak memayu hayuning bawana.

Kanthi adhedhasar saking upacara jamasan, ubarampe, saha sedaya ingkang wonten ing prosesi jamasan menika, pramila panaliten menika

dipunfokusaken dhateng prosesinipun ritual jamasan ing Paguyuban *Penghayat Kepercayaan Terhadap Tuhan Yang Maha Esa* “Sastra Jendra Hayuningrat Pangruwating Diyu”, makna *simbolik* ingkang wonten ing uborampe ritual jamasan Paguyuban Penghayat Kepercayaan Terhadap Tuhan Yang Maha Esa “Sastra Jendra Hayuningrat Pangruwating Diyu”, paedahipun ritual tumrap para warga Paguyuban Penghayat *Kepercayaan Terhadap Tuhan Yang Maha Esa* “Sastra Jendra Hayuningrat Pangruwating Diyu”

C. Ancasing Panaliten

Ingkang dados ancasing panaliten wonten ing panaliten ritual Jamasan ing Paguyuban Sastra Jendra Hayuningrat Pangruwating Diyu inggih menika:

1. Ngandharaken prosesinipun ritual jamasan ing PSJHPD;
2. Ngandharaken makna *simbolik* ingkang wonten ing uborampe ritual jamasan PSJHPD;
3. Ngandharaken paedahipun ritual tumrap para warga PSJHPD;

D. Paedahing Panaliten

Panaliten Ritual Jamasan PSJHPD menika gadhah paedah kanthi *teoritis* saha paedah kanthi *praktis*.

1. Paedah kanthi *teoritis*, panaliten menika kaangkah supados saged nambah seserepan- seserepan babagan kabudayan mliginipun ing ritual jamasan ing Paguyuban Penghayat Kepercayaan Terhadap Tuhan Yang Maha Esa “Sastra Jendra Hayuningrat Pangruwating Diyu”
2. Paedah kanthi *praktis*, ingkang sepisan panaliten menika kaangkah supados saged suka seserepan dhumateng masyarakat saha para pamaos, gegayutan

kaliyan wontenipun ritual jamasan ing Paguyuban Penghayat Kepercayaan Terhadap Tuhan Yang Maha Esa “Sastra Jendra Hayuningrat Pangruwating Diyu”. Kaping kalihipun, panaliten menika kaajab supados saged dipunginakaken kange studi ilmu budaya sarta seserepan salebetipun pangrembakaning paguyubaban- paguyuban penghayat kapitadosan utawi aliran kebatinan ingkang gayut kaliyan ritual jamasan ing Paguyuban *Penghayat Kepercayaan Terhadap Tuhan Yang Maha Esa* “Sastra Jendra Hayuningrat Pangruwating Diyu”.

BAB II

GEGARAN TEORI

A. Kabudayan

Kabudayan punika saking basa Sansekerta *buddhayah*, bentuk jamak saking *budhi* ingkang ngemu teges budi utawi akal. Kabudayan boten saged ical saking *ruang lingkup* masyarakatipun, amargi kabudayan dipunwarisaken kanthi turun- temurun. Kabudayan inggih menika sedaya sistem gagasan lan raos, tindak-tanduk, sarta pakaryan saking manungsa wonten pagesangan ing masyarakat saking sinau. Kabudayan minangka warisan ingkang dipunturunaken saking para leluhur tumrap para putra-watahipun, saengga kabudayan boten saged ical saking masyarakat.

Tashadi (1992: 1) mratelakaken bilih kabudayan mujudaken kasil budi saha dayaning manungsa ingkang saged ngangkat drajatipun manungsa minangka titah ingkang paling inggil drajadipun tinimbang titah sanes. Saking pamanggih menika, manungsa dados titah ingkang paling inggil drajatipun tinimbang titah sanesipun, amargi manungsa dipunjangkepi kaliyan akal saha budi satemah saged bedakaken antawisipun perkawis ingkang sae kaliyan perkawis ingkang awon. Manungsa ngginakaken akal saha budinipun supados saged ngripta pamanggih utawi ide ingjkang migunani tumrap piyambakipun lumeber dhateng tiyang sanes. Saking akal saha budi kala wau, saged nuwuhaken pamanggih- pamanggih ingkang dipunwujudaken minangka karya ingkang wusananiipun dados kabudayan.

Koentjaraningrat (1985: 186) mratelakaken bilih kabudayan menika paling boten gadhah tiga wujud, ingkang antawisipun:

1. *Wujud ideal yang sifatnya abstrak, tidak dapat diraba atau difoto, lokasinya dalam pikiran manusia atau berada dalam otak manusia.*
2. *Sistem sosial terdiri atas aktivitas manusia yang berinteraksi satu dengan lainnya yang selalu menurut pola-pola tertentu berdasarkan adat tata kelakuan. Sistem sosial ini terjadi di sekeliling kita sehari-hari, dapat diobservasi, difoto dan didokumentasikan.*
3. *Kebudayaan fisik berupa seluruh total dari hasil fisik dari aktivitas, perbuatan dan karya semua manusia dalam kehidupan, maka sifatnya paling kongkret. Berupa benda-benda atau hal-hal yang dapat diraba atau difoto.*

Saking pamanggih ing inggil saged dipunmangertosi bilih kabudayan gadhah wujud ideal ingkang sipatipun abstrak, boten saged dipuncepeng utawi dipunpoto, papan panggenannipun wonten ing alam pikiranipun manungsa. kabudayan menika minangka wujud sistem sosial ingkang dumados saking solah bawanipun manungsa ingkang gesang sesarengan miturut adat saben ingkang sampun dipuntemtokaken. Sistem sosial dumados ing masyarakat saben dintenipun, saged dipunobservasi, dipunpoto, saha dipundokumentasekaken. Salajengipun wujud kabudayan fisik, arupi sedaya tindak-tanduk manungsa wonten ing bebrayan ageng ingkang nyata saged dipuntingali, dipuncepeng saha dipunpoto. Adhedhasar andharan kala wau ritual jamasan ingkang dipunlampahi dening para penghayat paguyuban SJHPD kalebet wujud kabudayan ingkang awujud *sistem sosial*, kanthi wujud tumindak ingkang gadhah pola tartamu wonten ing paugeran ingkang sampun dipuntemtokaken.

B. Folklor

Tembung folklor,saking tembung camboran basa Inggris *folklor*, ingkang kadhapuk saking tembung *folk* lan *lore*. Tembung *folk* tegesipun kolektif utawi *kebersamaan*, tembung *lore* tegesipun tradisi ingkang dipunwarisaken kanthi turun temurun.Miturut Dundes (Ing Endraswara, 2009: 27) *lore* inggih menika tradhisi *folk*, *lore* punika *representative* kekajenganipun *folk* ingkang ekspresif saklebetipun gadhah seni, sastra, budaya lan tindak- tanduk *folk*. *Folklor* saged ateges peranganing tradhisi, sastra, seni, hukum, tindak-tanduk lan menapa kemawon ingkang dipunasilaken dening *folk* mawi cara *kolektif*. *Folklor* menika ngemu sedaya babagan pagesanganipun tiyang ingkang asalipun saking warisan leluhur ingkang sampun turun-temurun wonten ing pagesangan *kolektif* tradhisional utawi modern.

Dananjaya(1986: 2)ugi ngandharaken tegesipun folklor kanthi mekaten: “*Folklor adalah tradisi kolektif sebuah bangsa yang disebarluaskan dalam bentuk lisan maupun gerak isyarat, sehingga tetap berkesinambungan dari generasi kegenerasi*”. Miturut andharan punika folklor minangka salah satunggaling perangan kabudayan kolektif ingkang kasebar lan dipunwarisaken turun-temurun kanthi kolektif punapa kemawon sacara tradhisional wonten versi ingkang beda, wonten ingkang awujud lisan, kados ingkang dipunparingi obahing isyarat utawi piranti pambiyantu panginget (*memoric device*). Folklor ngrembaka lan dipunlestantunaken dening masyarakat ingkang nyengkuyung kanthi sukarenaning penggalih saha boten kapeksa. Sedaya warga masyarakat gadhahsaha

ngembangaken miturut kahanan daerahipun. Folklor Jawi saged dipunperang miturut klasifikasinipun, inggih menika:

1. Folklor esoterik, satunggalipun bab ingkang gadhah sipat ingkang namung saged diipunmangertosi dening sakedhik tiyang kemawon, tuladhanipun bab-bab ingkang gayut kaliyan ghoib.
2. Folklor eksoterik, satunggaling bab ingkang saged dipunmangertosi dening tiyang umum, boten dipunwatesi kaliyan kolektif tartamtu, tuladhanipun cariyos rakyat.

Prosesi Ritual Jamasan wonten ing PSJHPD menika kalebet *folklor eksoterik*. Prosesi Ritual Jamasan ingkang dipuntindakaken ing PSJHPD menika wiwit saking piranti saha tata caranipun nindakaken ritual namung dipunmangertos dening para warga saking PSJHPD piyambak. Folklor ugi minangka sarana komunikasi budaya. Folklor wonten ing masyarakat Jawi saged medal ing kathah perkawis. Umpaminipun basa rakyat, ilmu rakyat, takhayul, pendidikan, mitos, legenda, *pertunjukan* rakyat, dolanan saha tarian rakyat, puisi lisan, tembang dolanan, non lisan utawiawujud barang, obat tradisional, obat alternatif, sarta dhukun, klenik saha magig. Sedayanipun gadhah fungsi utawi peran piyambak dhateng masyarakat jawi.

Danandjaja (1984: 21-22) nambahaken bilih wujud saking *folklor* menika kaperang dados tiga, inggih menika:

1. *Folklorlesan*, inggih menika folklor ingkang wujudipun murni lesan, cariyos, prosa rakyat, kalebet mitos lan lelagon rakyat.

2. *Folklor sebagian lesan*, inggih menika folklor ingkang wujudipun campuran *unsur* lesan saha sanes lesan. Kadosta kapitadosan rakyat, dolanan rakyat, adat istiadat, upacara, lan sapanunggalanipun.

3. *Folklor sanes lesan*, inggih menika folklor ingkang wujudipun sanes lesan sinaosa cara damelipun dipunajaraken kanthi cara lesan, kadosta kerajinan rakyat, arsitektur rakyat, lan sapanunggalanipun.

Saking gegaran wonten ing inggil kala wau *folklor* punika saking kabudayan ingkang kaperang dados folklor *lesan*, *sebagian lesan*, lan *sanes lesan*. Ritual jamasan wonten ing paguyuban SJHPD punika kalebet salah satunggalipun wujud *folklor sebagian lesan*, amargi ritual punika salah satunggalipun upacara ingkang gegayutanipun kaliyan kapitadosaning para *Penghayat Kepercayaan Terhadap Tuhan Yang Maha Esa* SJHPD.

C. Upacara Tradisional

Upacara tradhisional minangka pranata sosial ingkang ngemu simbol-simbol ingkang dipunginakaken dados piranti komunikasi wonten ing pagesangan, salajengipun simbol wonten ing upacara dipunginakaken kange nggayutaken antawisipun pagesangan ingkang nyata kaliyan ingkang ghaib. Upacara tradhisional ingkang dipunlampahi dening masarakat minangka gegambaran saking sedaya rantaman saha tumindak ingkang dipuntata wonten ing bebuden luhur ingkang jumbuh kaliyan ewah gingsiring jaman.

Miturut Koentjaraningrat (1984 : 190) tegesipun upacara ritual inggih menika salah satunggaling sistem ingkang lumampah miturut adat ingkang wonten ing salebeting pagesangan masarakat jawi. Upacara adat miturut Tashadi

(1986 : 58) inggih menika tindak tanduk ingkang gayut kaliyan kapitadosan ingkang lumampah wonten ing salebeting masarakat. Kapitadosan masyarakat jawi ingkang migunakaken uborampe utawi sesaji-sesaji tartamtu minangka wujud saking pangajab dipunsimbolaken asring dipuntindakaken wonten ing upacara tradhisional. Kanthi adhedhasar pamanggih kala wau ritual Jamasan wonten ing paguyuban SJHPD kalebet salah satunggaling upacara tradhisional, amargi kalebet salah satunggalipun upacara tradhisional ingkang lumampah wonten ing salebeting masyarakat jawi saha migunakaken simbol-simbol tartamtu minangka pangajab wonten ing salebetipun piranti saha tata cara ritual.

D. Makna Simbolis

Makna simbolis miturut Herusatoto (1991:10)kapendhet saking basa yunani *syimbolos*, ingkang tegesipun tandha utawi ciri ingkang nedahaken salah satunggalipun perkawis. Miturut Spradley (1997: 121) simbol inggih menika prastawa ingkang nedahaken salah satunggaling perkawis. Simbol menika gadhah 3 unsur, inggih menika; simbol piyambak, satunggal rujukan utawi langkung; saha gegayutan antawisipun simbol kaliyan rujukan.

Turner wonten ing Suwardi (2003: 172) mratelakaken bilih: “*The symbol is the smallest unit of ritual which still retains the specific properties context*”. Ingkang tegesipun simbol inggih menika *unit* utawi perangan ingkang paling alit wonten ing ritual ingkang ngemu makna saking tindak-tanduk ritual ingkang sipatipun mligi. Adhedhasar andharanipun Turner menika, dipunmangertosi bilih simbol punika minangka perangan ingkang paling alit saking upacara ritual utawi pawiyatan tartamtu. Wonten ing ritual jamasan saged arupi sesaji, piranti,

mantram, donga, punapa dene piranti upacara. Perkawis kasebat nggadhahi makna utawi seserepan ingkang sedayanipun asipat mligi utawi *khusus*.

Miturut Sunjata (1997:54)saben upacara adat kawrat ancas, paedah, saha makna wonten upacara ingkang dipuntindakaken. Upacara tradisi minangka salah satunggaling wujud *ungkapan* budaya ingkang gadhah paedah atawisipun minangka sarana kangege nyawijekaken sedaya masarakat ing lampahaning upacara adat.Miturut Herusatoto (2008: 46) simbol wonten ing masarakat tradisional kawujud kanthi *sistem naturalisme*. Manungsa yaiku titah budaya, saha kabudayan manungsa menika kathah simbol-simbol, saengga saged dipunwastani bulih budaya manungsa menika sejatosipun kawerna kaliyan *simbolisme*, inggih menika satunggaling tata penggalih utawi mangertos makna ingkang migatosaken utawi adhedhasar pola-pola ingkang wonten ing simbol-simbol.

Sedaya wujud upacara-upacara tradhisi punapa kemawon ingkang dipunginakaken ing masarakat kawrat makna *simbolisme*. Makna sahateges upacara dados ancasing manungsa kangege mengeti.Ing tradisi utawi adatistiadat *simbolismekatingal* wonten ing upacara-upacara adat minangka warisan turun temurun saking *generasidhateng generasi* (Herusatoto, 2008: 48). Wujud saha jinis pawiyatan simbolik wonten ing masarakat tradisi minangka cara supados celak antawisipun manungsa dhumateng Pangeranipun. Saking andharan para ahli ing inggil punika saged dipundudut bilih saben pawiyatan ingkang gayut kaliyan upacara tradhisi menapa deneagami, kadosta upacara jamasan wonten ing Paguyuban SJHPDgadhah makna saha ancas ingkang kawujudaken kanthi simbol-simbol ingkang dipunginakaken wonten ing upacara tradisional.

E. Jamasan

Miturut kamus *Baoesastrā Djawa*, tembung *jamasan* tegesipun “keramas”, ingkang maknanipun ngresikaken diri pribadinipun saking rereged ingkang wonten ing badan. Bratasiswara (2000: 257) ngandharaken bilih jamasan menika njagi pusaka-pusaka kanthi cara nyirami pusaka miturut upacara adat saha ubarampe tartamtu, umumipun katindakaken ing wekdal-wekdal tartamtu (padatanipun ing wulan sura). Jamasan pusaka katindakaken dening tiyang ingkang kagungan tosan aji, tuladhanipun tosan aji kagungan dalem kraton Ngayogyakarta Hadiningrat Tombak Kyai Baru Klinthing ingkang asring dipunjamas ing saben wulan sura.

Upacara jamasan wonten ing Paguyuban Sastra Jendra Hayuningrat Pangruwating Diyu dipuntindakaken dening sedaya warga paguyuban, saged dipuntindakaken kanthi sesarengan utawi *massal* saged ugi katindakaken kanthi piyambak- piyambak. Ritual jamasan dipuntindakaken saben dinten punapa kemawon, saged malem jemuah kliwon, selasa kliwon, dinten weton, saha dintendinten sanesipun, amargi boten wonten aturan saking paguyuban kedah dipuntindakaken kanthi rutin saben dinten. Upacara menika katindakaken ing papan pundi kemawon, ingkang baku kedah saged hening saha saged nuwuhaken raos hening, amargi nalikanipun jamasan padatanipun katindakaken kanthi semedi ingkang mbetahaken swasana hening. Ritual jamasan padatanipun katindakaken ing wanci dalu kanthi migunakaken piranti-piranti tartamtu.

F. Panaliten ingkang Jumbuh

Panaliten ingkang jumbuh kaliyan panaliten Ritual Jamasan Wonten ing Paguyuban Penghayat Kepercayaan Terhadap Tuhan Yang Maha Esa *Sastrajendra Hayuningrat Pangruwating Diyu* inggih menika panaliten saking:

1. Rubiyatun (012124060) kanthi irah- irahan “Upacara Jamasan Pusaka di Dusun Kalibening Desa Dawuhan Kec. Banyumas”. Panaliten kasebut ngandharaken babagan:
 - a. Jinising pusaka: 1) tosan aji; 2) kayu; 3) watu; 4) logam; 5) tetuwuhan; 6) rasukan; 7) kitab
 - b. Nama pusaka: 1) duwung; 2) cundrik; 3) tombak; 4) tasbih; 5) gendring; 6) lencana; 7) Naga Taun; 8) mimang; 9) songsong payung Tunggul Naga; 10) Tongkat bambu Sewu Naga Taun; 11) penjalin papag utawi penjalin pethuk; 12) watu; 13) Jun Kuningan; 13) bokor kuningan; 14) kitab
 - c. Paedah pusaka: 1) Paedah ing peperangan; 2) paedah ing kenegaraan; 3) *Penyembuhan*; 4) Wekdal; 5) Pasinaon; 6) Keamanan; 7) *perburuan*; 8) perlindungan diri; 9) keprajuritan; 10) sembahyang; *rumah tangga*; 11) pamarentah; 12) padamelan
 - d. Rerangkening upacara jamasan pusaka: 1) persiapan, kedadosan saking: damel gapura, damel srumbung, masang tarub, nadaran, damel sajen, pasang sajen, ziarah, slametan, mriksa pusaka, lan syukuran; 2) pelaksanaan, kadadosan saking: mundhut pusaka, maos donga ing makam mbah Kalibening, *penjemuran* pusaka; 3) panutupan: syukuran.

- e. Makna simbolik ubarampe jamasan pusaka inggih menika: 1) sesaji kamar pusaka; 2) sesaji sumur pasucen; 3) sesaji salawatan; 4) tarub; 5) mori pethak.
 - f. Paedah upacara pusaka inggih menika: 1) paedah religi; 2) paedah sosial; 3) paedah rekreasi; 4) paedah ekonomi; 5) paedah pelestarian tradhisi.
2. Dhyani Widhy Astuti (09205241053) kanthi irah-irahan “Upacara Tradhisi kirab Brata Metri Bumi Wonten ing Dhusun Kaliurang, Desa Hargobinangun, Kecamatan Pakem, Kabupaten Sleman”. Panaliten kasebut ngandharaken babagan:
- a. Asal-usul upacara Kirab Brata Metri Bumi saking kapitadosanipun warga Kaliurang rikala kurdaning redi Merapi taun 1994 ingkang dadosaken wilayah Kaliurang nandhang sungkawa. Adhedhasar kawontenan menika, Paguyuban Pangesthi Jawi ngawontenaken Kirab Brata. Kirab Brata menika ngubengi dhusun Kaliurang, anggenipun mlampah kirab kanthi mendel. Saking kirab menika nuduhaken laku prihatosing masyarakat Kaliurang supados tlatah Kaliurang pikantuk kawilujengan saha katentreman.
 - b. Prosesi lampahing upacara Kirab Brata Metri Bumi kaperang dados 4 prosesi: 1) Kenduri wilujengan; 2) Kirab Brata Metri Bumi; 3) kenduri Baritan; 4) Ringgit Purwa
 - c. Makna simbolik sajen ingkang dipunginakaken ing salebetipun upacara Kirab Brata Metri Bumi menika kangge mahyakaken raos sukur

dhateng Ngarsanipun Gusti Ingkang Maha Agung awit rejeki ing salebeting lampah pagesanganipun.

- d. Paedahipun upacara Kirab Brata Metri Bumi tumraping sedaya warga Kaliurang saha sakiwa-tengenipun inggih menika: 1) paedah spiritual; 2)paedah sosial; 3) paedah ekonomi; 4) paedah pelestari tradhisi.

Relevansi saking panaliten ingkang irah-irahanipun “Upacara Jamasan Pusaka di Dusun Kalibening Desa Dawuhan Kec. Banyumas” saha “Upacara Tradhisi kirab Brata Metri Bumi Wonten ing Dhusun Kaliurang, Desa Hargobinangun, Kecamatan Pakem, Kabupaten Sleman” inggih menika sami-sami ngrembag babagan prosesi upacara ritual ingkang dipuntindakaken ing masyarakat Jawi. Ananging wonten ing panaliten ingkang dipuntindakaken dening Rubiyatun menika ngandharaken babagan prosesi ritual jamasan Pusaka Tosan Aji saha panaliten ingkang dipuntindakaken dening Dhyan Widhy Astuti ngandharaken prosesi ritual Tradhisi Kirab Brata Merti Bumi lajeng wonten ing panaliten menika, panaliti nindakaken panaliten ingkang ngandharaken ritual jamasan wonten ing PSJHPD. Asiling panaliten ingkang dipuntindakaken dening Rubiyatun saha Dhyan Widhy Astuti kasebat, saged dipundadosaken acuan utawi pancadan wonten ing panaliten punika, inggih menika prosesi ritual, makna simbolik, piranti upacara saha paedah upacara tumrap warga masyarakatipun.

BAB III

CARA PANALITEN

A. Jinising Panaliten

Panaliten folklor upacara Ritual Jamasan ing Paguyuban Sastra Jendra Hayuningrat Pangruwating Diyu (PSJHPD) menika migunakaken metode panaliten *kualitatif*. Panaliten *kualitatif* inggih menika salah satunggaling panaliten ingkang ngasilaken *data deskriptif* awujud tetembungan ingkang dipunserat utawi dipunlisanaken saking masarakat utawi tiyang ingkang dipungatosaken (Moleong, 2001: 3). Panaliten *kualitatif* menika migunakaken metode *deskriptif*, dados wonten ing panaliten menika dipuntindakaken kanthi langsung wonten ing papan ingkang dipunteliti kangge manggihaken data *deskriptif*.

Wonten ing panaliten menika panaliti nindakaken panaliten langsung wonten ing panggenan upacara supados saged manggihaken data *deskriptif* ingkang saged mangsuli perkawis-perkawis wonten ing panaliten. Panaliten menika gadhah ancas mangsuli perkawis babagan upacara tradhisi jamsan kasebat, prosesi lampahing upacra ritual jamasan, makna simbolik piranti-piranti, ugi paedahipun folklor upacara tradhisi jamasan tumrapipun para warga paguyuban.

B. *Setting* Panaliten

Panaliten upacara tradhisi jamasan katindakaken wonten ing Dhukuh Watuploso, Desa Domas, Kecamatan Bulukerto, Kabupaten Wonogiri. Panaliten dipunwiwiti saking wulan Januari dumugi Maret. Ritual jamasan wonten ing

PSJHPD katindakaken kanthi jamasan diri pribadining para warga paguyuban ingkang kalampahan ing wekdal-wekdal ingkang boten dipuntemtokaken utawi saged dinten punapa kemawon manut kaliyan warga saking PSJHPD. Lelampahanipun ritual ingkang dipuntliti katindakaken ing dinten malem selasa surya kaping 3 Maret 2014 wiwit tabuh 14.00 WIB. Ritual katindakaken dening salah satunggalipun warga PSJHPD wonten ing griyanipun KRT Cipta Asmara ingkang wonten ing dhukuh Watuploso, RT/RW: 06/01, Desa Domas, Kecamatan Bulukerto, Kabupaten Wonogiri.

C. Sumber Data Panaliten

1. Data panaliten

Data Panaliten inggih menika tetembungan utawi tindak tanduk saking warga paguyuban ingkang dados sumber wawancara. Wujud utamanipun inggih menika deskripsi saking upacara tradhisi Ritual Jamasan ing PSJHPD ingkang dipunserat utawi dipunrekam mawi *Hand Phone*. Panaliten ugi migunakaken data arupi dokumentasi utawi referensi ingkang saged nyengkuyung data utama.

Sumber data wonten ing panaliten inggih menika informan, inggih menika tiyang ingkang gadhah seserepan babagan upacara tradhisi Ritual Jamasan ing PSJHPD, dene tiyang ingkang gadhah seserepan babagan upacara jamasan inggih menika pangarsa *Dewan Pengurus Ranting Bulukerto*, sesepuh saha warga saking Paguyuban Sastra Jendra Hayuningrat Pangruwating Diyu ingkang nindakaken jamasan.

2. Caranipun Manggihaken Informan

Caranipun manggihaken informan inggih menika kanthi *teknik sampling purposive*. Mardalis, (2004: 106) ngandharaken bilih caranipun *teknik sampling purposive* ngginakaken informan wonten salebetipun paguyuban, saengga *sampling* (informan) ingkang dipunpundhut saged makili *karakteristik populasi* ingkang dipuntliti. *Teknik sampling purposive* ing mriki kanthi nemtokaken informan ingkang saged makili. Informan dipuntemtokaken kanthi cara madosi tiyang ingkang langkung mangertos babagan ritual jamasan saha ingkang asring nindakaken prosesi Ritual jamasan. Informan inggih menika tiyang ingkang paring informasi utawi seserepan ingkang dipunbetahaken. Informan ugi dipunwastani tiyang ingkang gadhah seserepan babagan upacara jamasan lan saged paring informasi ingkang *akurat*.

Wonten ing panaliten menika informan kapilih saking tiyang ingkang langsung tumut nindakaken upacara jamasan kasebat saha tiyang ingkang sampun mangertos kados pundi tata caranipun ritual jamasan. Informan kasebat adatipun para warga paguyuban, sesepuh saha tiyang-tiyang ingkang taksih nindakaken ritual kasebat. Wonten ing panaliten menika katindakaken nyuwun pirsa dhateng sesepuh PSJHPD ingkang mangertos babagan lampahing ritual jamasan. Kanthi cara menika saged nggampilaken panaliti anggenipun ngempalaken data-data ingkang kange nyengkuyung asiling panaliten.

D. Caranipun Ngempalaken Data

Wonten ing paneliten menika migunakaken cara ngempalaken data kanthi *pengamatan berperan serta, wawancara mendalam, saha dokumentasi*, ingkang andharanipun inggih menika :

1. Pengamatan Berperan Serta (*Participant Observation*)

Cara paneliten menika dipunlampahi kanthi ngawontenaken pengamatan langsung ngengingi kawontenanipun lampahing upacara jamasan wonten ing Desa Domas, Kecamatan Bulukerto, Kabupaten Wonogiri ing dinten melem Jum'at Pon, 27 Februari 2014. Observasi katindakaken kanthi cara ningali lan ndherek langsung lampahing upacara menika. Cara menika gadhah ancas supados pikantuk data primer ingkang dipunpendhet langsung saking papan lumampahing upacara jamasan. Kasiling pengamatan menika wau dipunginakaken kangee dhasar wawancara lan observasi salajengipun.

2. Wawancara Mendalam

Kegiatan *wawancara mendalam* menika katindakaken mawi cara sowan wonten ing panggenanipun informan supados saged nindakaken kegiatan wawan pangandikan mawi pitakenan-pitakenan ingkang dipunbetahaken kangee data paneliten. Wangsulan ingkang kaparingaken dening informan menika kiyat sambung raketipun kaliyan upacara jamasan.

3. Dokumentasi

Dokumentasi inggih menika bahan ingkang awujud seratan utawi gambar sanesipun ingkang saged kaginakaken kangee ngiyataken data ingkang sampun wonten. Data ingkang awujud dokumentasi menika minangka

sumber *otentik* sasanesipun data ingkang kaserat wonten ing panaliten menika. Piranti ingkang kaginakaken inggih menika kamera foto, HP, buku cathetan, lan laptop.

E. Pirantosing Panaliten

Pirantosing panaliten wonten ing upacara jamasan inggih menika :

1. Kamera foto, kangge damel dokumentasi awujud foto menapa kemawon ingkang dipunbetahaken kangge panaliten;
2. *Hand phone*, dipunbetahaken kangge pirantos wawancara kaliyan informan;
3. Buku cathetan, dipunbetahaken kangge nyathet sedaya seserapn utawi informasi saking informan.
4. Laptop, dipunbetahaken kangge *ngeedit* gambar- gambar saha kangge ngolah data

F. Caranipun Nganalisis Data

Caranipun nganalisis data ingkang dipunginakaken inggih menika analisis *induktif* , ateges data ingkang spesifik saking lapangan dipundadosaken unit-unit lajeng dipunkategorisasikaken. Miturut Endraswara, (2006: 215) “*Analisis data induktif bertujuan untuk memperjelas informasi yang masuk melalui proses unitisasi dan kategorisasi*”. Adhedhasar andharanipun Endraswara menika teknik analisis data *induktif* gadhah ancas supados *informasi* ingkang mlebet langkung cetha, kanthi proses *unitisasi* saha dipunlajengaken *kategorisasi*. Sasampunipun ngempalaken data imgkamg nyengkuyung, panaliten dipunlajengaken analisis data. Analisis data menika kangge ngandharaken perkawis saking ritual jamasan

ing PSJHPD, inggih menika babagan prosesi, makna simbolik piranti saha paedahipun tumrap warga PSJHPD.

Proses analisis menika badhe mbabar titilaksananipun ritual jamasan antawisipun saking observasi langsung wonten ing papan panaliten, *wawancara mendalam* saking foto, rekaman saha sanesipun. Sasampunipun data kala wau dipunsinau saha dipunresepi lajeng dipundamel *abstraksi*. *Abstraksi* saking data-data kala wau dipundamel rangkuman inti, salajengipun dipunklompokaken utawi dipun-kategorisasi miturut klompokipun, supados langkung cetha antawisipun bab setunggal saha setunggalipun. Menawi sampun dipunkategorisasi lajeng dipunpriksa *keabsahahn* datanipun saha damel dudutan. Pungkasanipun data ingkang sampun dipunkempalaken lajeng dipunandharaken kaliyan gambar saha katrangannipun kanthi runtut, supados perkawis ingkag dipuntliti saged dipunbabar kanthi cetha.

G. Caranipun Ngesahaken Data

Teknik *keabsahan* data ingkang kaginakaken wonten ing salebetipun panaliten punika inggih menika *triangulasi*. Miturut Moleong (2001: 178) *triangulasi* inggih menika teknik *pemeriksaan keabsahan* data ingkang migunakaken sanesipun data kasebat kangege nandhingaken kaliyan data ingkang kasil. *Triangulasi* wonten ing panaliten inggih menika *triangulasi metode* utawi cara ngempalaken data *ganda* ing antawisipun *pengamatan*, *wawancara* lan *analisis dokumen*.

Tringulasi wonten ing panaliten punika inggih menika *triangulasi metode* utawi cara ngempalaken data *ganda* ing antawisipun *pengamatan*, wawan

pangandikan kaliyan informan setunggal saha informan sanesipun, miturut wosing perkawisipun. Data-data ingkang kapendhet saking asiling panaliten lan wawancara dipungayutaken kaliyan kasilipun dokumen. *Teknik pemeriksaan* data sasanesipun *triangulasi metode* ugi mawi *triangulasi sumber*. *Triangulasi sumber* kalampahan mawi nyuwun andharan kanthi cetha saking informan ngenani babagan seserepan ingkang sampun kaparingaken supados saged mangertos kanthi tumemen babagan seserepan kala wau. Kalajengaken andharan saking informan setunggal dipunjumbuhaken kaliyan andharan saking informan sanesipun.

BAB IV

ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

A. Sejarah Paguyuban Sastra Jendra Hayuningrat Pangruwating Diyu

Paguyuban Sastra Jendra Hayuningrat Pangruwating Diyu inggih menika paguyuban *penghayat kepercayaan terhadap Tuhan Yang Maha Esa* ingkang dipunpangarsani dening KPH Darudriyo Sumodiningrat. KPH Darudriyo Sumodiningrat inggih menika wayah saking sinuwun Paku Buwana X. KPH Darudriyo Sumodiningrat pinaringan wahyu ghaib ajaran utawi ilmu Sastra Jendra saking Sinuwun PB X lumantar laku laku *spiritual* ingkang dipuntindakaken.

Wiwit tasih timur KPH Darudriyo Sumodiningrat temen anggenipun lelaku nenepi manembah marang Gusti. Kawiwitan saking tasih SMA, nalika semanten KPH Darudriyo Sumodiningrat nindakaken laku tapa wonten ing Gunung Lawu. Wonten ing Gunung Lawu KPH Darudriyo Sumodiningrat tappa 40 dinten. Saking Gunung Lawu, KPH Darudriyo Sumodiningrat mlampah dhateng Kayangan , desa Dlepih, Kecamatan Tirtomoyo. Saking Kayangan nglajengaken mlampah malih kirang langkung 40 dinten dhateng pesisir sisih kidul tumuju ing Parangtritis.

KPH Darudriyo Sumodiningrat sasampunipun kondur saking lelaku, lajeng napak tilas saking Semarang mlampah dhateng Goa Pringgosari ingkang wonten ing Gunung Lawu. Nalikanipun wonten Goa Pringgosari punika KPH Darudriyo Sumodiningrat pinaringan wahyu Sastra Jendra Hayuningrat Pangruwating Diyu. Wahyu Sastra Jendra Hayuningrat Pangruwating Diyu punika pinaringan saking almarhum Sinuwun PB X lumatar wahyu ghaib. Wahyu punika pinaringan

supados saged kawejangaken dhumateng para putra- wayahipun. KPH Darudriyo Sumodiningrat punika sampun anetepi jangkanipun minangka tedhak sinumpet (*keturunan ingkang saged nampi wahyu*) saking Sinuwun PB X, saengga ingkang katimbalan paring wejangan dhumateng para putra- wayahipun inggih menika KPH Darudriyo Sumodiningrat piyambak sanes Putranipun Sinuwun PB X minangka Ramanipun KPH Darudriyo Sumodiningrat.


Wiwit tahun 1965 KPH Darudriyo Sumodiningrat paring wejangan ingkang sepisan, pratitisipun wonten ing tanggal 11 Juli taun 1965 wonten ing Kraton Surakarta Hadiningrat. KPH Darudriyo Sumodiningrat ing taun 1966 katimbalan dening bapak Presiden Soekarno supados tindak rawuh dhateng istana, kanthi lumantar Menteri Penerangan dan Olah Raga KPH Darudriyo Sumodiningrat dipuntimbali kaliyan bapak Presidhen kanthi dipunparangi Serat Kekancingan utawi Surat Keputusan Presiden bilih paguyuban punika sah miturut Undang-undang. (*sumber:* KRT Cipto Asmoro Adinagoro)

B. Deskripsi Setting Panaliten

1. Andharan Papan Ritual Jamasan

Ritual jamasan punika katindakaken ing dinten Kemis Pahing dalu utawi malem Jum'at Pon, Surya kaping 27 wulan Februari tahun 2014. Papan panaliten ingkang dipunginakaken kangge upacara ritual jamasan katindakaken wonten ing griyanipun bapak KRT Cipta Asmara Adinagoro ing dusun Watuploso, RT 06. RW 01, kelurahan Domas kecamatan Bulukerto, kabupaten Wonogiri. Dusun Watuploso menika salah satunggalipun dusun ingkang wonten ing kelurahan Domas. Kelurahan

Domas kaperang dados 4 dusun, inggih menika dusun Watuploso, dusun Duwet, dusun Kanti, saha dusun Pondok. Wewengkon Kecamatan Bulukerto menawi dipuntingali wonten ing peta kados ing ngandhap punika:



Gambar. 01: Peta Kecamatan Bulukerto

Kan thi cara *administratif* desa Domas gadhah wates- wates ing panggenan kados mekaten:


Sisih Ler : Desa Sugihan

Sisih Wetan : Desa Tanjung

Sisih Kidul : Desa Nadi

Sisih Kilen : Kecamatan Slogohimo

Papan ingkang dipunginakaken kangge ritual jamasan wonten ing griyanipun KRT Cipta Asmara. Griyanipun KRT Cipta Asmara wonten ing sisih ler masjid Baiturohman kiran langkung 100 meter kados ing gambar peta ngandhap punika:



Gambar. 02: Dhenah Papan ritual jamasan

Ket:

1. Masjid Baiturohman

2. Papan Panaliten

Saking arah Domas-Bulukerto mangering utawi mangaler, wonten masjid Baiturohman mangaler kirang langkung 100 meter lajeng sisih wetan dalan kirang langkung 20 meter griyanipun KRT Cipta Asmara.

2. Paraga Ritual Jamasan saha Informan

Ritual jamasan wonten ing PSJHPD saged katindakaken kanthi massal utawi sesarengan saha saged katindakaken kanthi piyambak-piyambak.

Panaliten punika dipunpendhet nalikanipun upacara ritual kanthi piyambak-piyambak ingkang dipun tindakaken kaliyan mas Wiwik Bagus Marsiwi.

a. Paraga Ritual Jamasan

Wiwik Bagus Marsiwi punika minangka *paraga panaliten* saha warga PSJHPD ingkang taksih nindakaken upacara ritual jamasan. Papan tanggal lairipun wonten ing Wonogiri, 7 mei 1988. Papan padununganipun wonten ing desa Nglorog, RT/RW: 05/08, Mojopuro, Jatiroti, Wonogiri. Pakaryanipun paraga panaliten inggih punika wonten ing salah satunggalipun agen bis PO Armada Jaya Perkasa ingkang mapan wonten ing Termial Jatisrono.

b. Informan Panaliten

KRT Cipta Asmara inggih menika pangarsa utawi Ketua Dewan Pengurus Cabang (DPC) Paguyuban Sastra Jendra Hayuningrat Pangruwating Diyu kabupaten Wonogiri. KRT Cipta Asmara minangka *informan 01* wonten ing panaliten punika, awit saking panjenenganipun sampun mangertos babagan ritual jamasan saha tasih asring nindakaken prosesi ritual jamasan. Panaliten menika ugi nyuwun kaliyan bapak Wardoyo minangka *informan 02*, karana panjenenganipun ugi salah satunggalipun sesepuh ingkang sampun mangertos babagan paguyuban SJHPD saha tasih nindakaken prosesi ritual jamasan.

C. Lampahing Prosesi Upacara Ritual Jamasan

1. Cecawis Jamasan

a. Cecawis papan

Prosesi ritual jamasan dipunwiwiti kanthi nyamaktakaken punapa kemawon ingkang samangke dipunginakaken wonten ing prosesi ritual. Kawiwitan saking nyamaktakaken papan ingkang badhe dipunginakaken kangge ritual. Papan ingkang dipunginakaken kangege ritual dipunlambari klasa. Sasampunipun klasa dipungelar, dupa utawi menyan dipunobong supados saged nambah raos ayem, hening, saha meneb pikiranipun kados ingkang dipun andharaken dening KRT Cipta Asmara (informan 01):

“Menyan menika kangege menyatukan dhiri pribadi kita kaliyan penggayuh, kanggo meyakinkan nggih mas. Menyan menika sepisan kangege menyatukan, kangege penghantar dan untuk menyatukan diri pribadi, panyuwunan sekaligus pengharum ruangan, ben yakin, ben meneb pikirane nek ambune wangi, ambune seger nyenyuwun isa mulya rasane.” (CLW 01)

Menyan utawi dupa menika sanes minangka uborampe kados Upacara-upacara ritual sanesipun ananging namung minangka wewangen. Dupa dipunobong wonten ing wadah gelas *aqua* plastik ingkang dipunparingi wedhi sipados saged dipuntancepaken saha boten ngobong klasa.

b. Cecawis Piranti

Piranti ingkang dipunsamektakaken kangege ritual jamasan inggih menika sekar telon (mawar, kanthil, mlathi), toya tawa, baskom, anglo, areng, wesi aji awujud tatah, dupa utawi menyan. Piranti ingkang kedah dipunsamaktakaken ingkang sepisan inggih menika nyumawisaken

tapak jalak ingkang awujud sekar telon dipuncampur wonten ing baskom ingkang sampun wonten toya tawanipun kados ing gambar ngandhap punika:



Gambar 03: Sekar Telon.
(Dokumen: Nur 2014)

Sekar telon dipunsamaptakaken saderengipunadicara ritual dipuntindakaken. Sekar telon saged dipunpundhut saking methik pekarangan punapa dene saking tumbas ing peken, kados andharan saking Wiwik Bagus Marsiwi (informan 3): “*niku sekar telon, mbok menawi sekitar griya utawi sak kiwa tengene wonten nggih mendhet mriku, boten wonten nggih tumbas boten napa-napa.*” (CLW 03)



Gambar 04: Sekar telon wonten ing Baskom.
(Dokumen: Nur 2014)

Sekar Telon salajengipun dipunlebetaken wonten ing baskon lajeng dipunparingi toya tawar sacekapipun. Toya ingkang dipunginakaken saged toya punapa kemawon saha boten kedah saking 7 sumber, cekap saking setunggal sumber kemawon ingkang baku boten reged, amargi badhe dipunginakaken kangge sesuci, kados ingkang dipunandharaken kaliyan Wiwik Bagus Marsiwi (Informan 03): "*Khasiate padha, boten ngangge pitung tempuran boten napanapa, boten wonten maknane, penting banyu putih, resik, banyu tawa mpun sami mawon*" (CLW 03)

Piranti salajengipun inggih menika piranti ingkang kangge ngobong wesi aji, ingkang awujud areng ingkang dipunobong wonten ing anglo ngantos areng dados mawa. Piranti ingkang kangge ngobong wesi aji saged dipunpirsani kados ing gambar ngandhap punika:



Gambar 05: Anglo.
(Dokumen: Nur 2014)

Anglo ingkang dipunginakaken inggih menika anglo ingkang saged kangge ngobong wesi aji, ingkang inggilipun saged

dipunginakaken kangge wadhah areng ingkang kangge ngobong wesi aji, gambaripun kados ing inggil menika.



Gambar 06: Wesi Aji dipunobong.

(Dokumen: Nur 2014)

Wesi aji dipunobong ing anglo ngantos warnanipun abrit kados geni mawa, gambaripun kados ing nginggil punika. Wesi aji dipunobong ngantos kados mawa amargi wonten ing Ritual Jamasan menika wesi aji utawi tatah menika pralambang saking geni kangge ngobong rereged.

2. Lampahing Ritual Jamasan

Lampahing ritual jamasan kaperang dados pitu prosesi, perangan-peranganipun saking lampahing ritual jamasan inggih menika:

a. Manembah Marang Gusti

Manembah marang Gusti utawi *sembah luhur*, inggih menika menawi wonten ing Paguyuban Sastra Jendra Hayuningrat Pangruwating Diyu dipunsebut *Sembah Luhur*. *Sembah Luhur* katindakaken kanthi lenggah sila, asta wonten ing sak nginggilipun mustaka kados wonten ing gambar punika:



Gambar 07: Sembah Luhur.
(Dokumen: Nur 2014)

Sembah luhur menika katujokaken dhumateng Gusti ingkang Maha Luhur, awit saking menika sembah ingkang awujud asta wonten ing sak nginggilipun mustaka, miturut kapitadosan PSJHPD minangka pralambang sujud dhumateng Gusti ingkang mapanipun wonten saknginggilipun alam pikiraning manungsa. Gusti ingkang langkung luhur saha inggil saking manungsa.

Mantram-nipun ing *Sembah Luhur* inggih menika:

“Gusti Allah ingkang maha Agung, Gusti Allah Ingkang Maha Suci, Gusti Allah ingkang Maha Wikan”. (CLW 03)

Sembah Luhur katindakaken minangka wujud saking manembah dhumateng Gusti, nyuwun pangayomanipun Gusti kados ingkang dipun andharaken kaliyan KRT Cipta Asmara (informan 01):

“Jamasan menika dipunawiti niku manembah dhumateng ngarsanipun Gusti manut agama kang rinasuk”.(CLW 01)

Ancas saking *sembah luhur* menika minangka wujud saking tiyang ingkang nindakaken prosesi Ritual Jamasan dhumateng ngarsanipun Pangeran, awit saking raos manahipun ingkang nyuwun pangayoman supados prosesi Ritual Jamasan menika saged gangsar boten wonten alangan punapa-punapa saha saged mupangat dhateng tiyang ingkang nindakaken prosesi ritual.

b. Mujekaken Leluhur

Mujekaken para leluhur utawi *Sembah Cipta*, katindakaken kanthi lenggah sila sami kaliyan *Sembah Luhur* ananging astanipun wonten ing teleng cipta (antawisipun alis kanan lan kering) kados wonten ing gambar punika:



Gambar 08: Sembah cipta.
(Dokumen: Nur 2014)

Sembah cipta menika sembah ingkang katujokaken marang tiyang sepuh utawi para leluhur. Asta wonten ing teleng cipta miturut kapitadosan saking PSJHPD minangka pralambang sujud pangabekti peputra marang tiyang sepuh.

Mantramnipun ing *Sembah Cipta* inggih punika “**Bapa kang minangka dadi Lantaran, Biyung kang minangka dadi Papan, Leluhurku kang hanurunnake**”. (CLW 03) Miturut informan *Sembah Cipta* katindakaken mujudaken pamuji marang para leluhur, mugya saget lumebet ing swarganing Allah kados andharan KRT Cipta Asmara (informan 01) ing ngandhap punika:

“*Kaping kalihipun menika mujekaken eyang leleuhur, mugi- mugi para eyang leluhur ingkang sampun tinampi wonten ngayunanipun pengeraan saged mlebet wonten swarganing Allah*” (CLW 01)

Ancas saking *sembah cipta* inggih menika minangka wujud bekti dhumateng tiyang sepuh utawi para leluhur. *Sembah luhur* ugi minangka atur pamuji dhumateng Gusti mugya tiyang sepuh utawi para leluhur ingkang sampun seda saged lumebet katampi wonten ngarsanipun Pangeran.

c. Sembah Jaja

Sembah Jaja inggih menika sembah dhumateng jati dhirinipun piyambak. *Sembah Jaja* katindakaken kanti lenggah sila sami kaliyan *sembah Luhur* ananging astanipun wonten jaja utawi dhadha, kados ing gambar punika:



Gambar 09: Sembah Jaja.

(Dokumen: Nur 2014)

Sembah jaja menika sembah ingkang katujokaken dhumateng diri pribadinipun piyambak. Awit saking menika asta kapapanaken wonten ing jaja. Miturut kapitadosan ing PSJHPD sembah jaja menika sembah dhumateng *roh suci* ingkang mapan wonten ing *sukma sejati*, *sukma sejati* menika mapanipun wonten ing manah utawi ati ingkang wonten ing salebetung jaja. *Roh suci* kala wau dados juru panuntun utawi guru ingkang saged ngendhaleni tindak-tanduk saking manungsa, ingkang saged ndadosaken manungsa tumindak sae awit saking sejatinipun manungsa lair wonten ing alam bebrayan punika suci lahir saha batinipun.

Mantramipun ing *Sembah Jaja* ingih menika: “***Roh Suci, Sukma sejati, Guru sejati kang lungguh ing sukma sejati***”. (CLW 03).

Sembah Jaja katindakaken supados saged pinaringan kekiyatana lahir-batin, kados ingkang dipunandharaken dening KRT Cipta Asmara (informan 01):

“Sembah jaja menika sembah saking jati dhirinipun piyambak, hla menika salebetipun mugya pinaringan daya kekiyatana lahir-batin”
 (CLW 01)

Sembah jaja gadhah ancas minangka wujud panyuwunan supados lahir bathinipun tiyang ingkang nindakaken Ritual Jamasan saged pinaringan daya kekiyatana lahir saha batinipun. Daya kekiyatana ingkang dipunbetahaken nalikanipun prosesi ritual supados teteg nalikanipun badhe nindakaken Ritual jamasan.

d. Cipta Raga

Cipta Raga inggih menika jinggleng raga utawi ngraosaken sedaya perangan- perangan badan. Wiwit saking pucuking driji suku dumugi ing mustaka. Cipta Raga katindakaken kanthi lenggah sila sami kaliyan *sembah luhur*, ananging astanipun wonten ing sak inggilipun pelanangan, kados ing gambar punika:



Gambar 10: Cipta Raga 01.
 (Dokumen: Nur 2014)

Nalikanipun *cipta raga* sedaya peranganing badan dipun raosaken, wiwit saking *racikan suku kanan lan kering, samparan suku kanan-kering, wengkengan kanan- kering, jengku kanan- kering, wentis kanan- kering, bocong, pelanangan utawi kalam, padharan, tuntunan, prembayun kanan-kering, jaja, pengkeran, pamidhangan, asta kanan-kering, tapak asta, racikan asta, lajeng wangsl malih tapak asta, asta kanan- kering, pamidhangan, jangga, adhegan, lathi andhappinggil, waja, rawis, grana, pangarasan kanan- kering, talingan kanan-kering, palarapan, soca utawi tingal kanan- kering, imba kanan-kering, teleng cipta, pasundhulan lajeng dipunputer mangiwa utawi walikanipun *jarum jam.* Mantram ingkang dipunsebutaken sakbibaripun *jinggleng raga* inggih menika:*

“Aku iki urip, uripku cahyaning Gusti Allah, iki ragaku, iki jenengku... Wiwik-Wiwik-Wiwik (nyebataken asmanipun kaping tiga) (CLW 03)

Kalajengaken mantram salajengipun:

“Wuluku ya ragaku, kulitku ya ragaku, dagingku ya ragaku, uratku ya ragaku, getihku ya ragaku, balungku ya ragaku, sungsumku ya ragaku” (CLW 03)

Sabibaripun mantram punika dipunsebutakan, tapak asta ingkang kanan dipunbikak mlumah, tapak asta ingkang kering mengkurep wonten ing saknginggilipun wentis kados ing gambar ngandhap punika:



Gambar 11: Cipta Raga 02.
(Dokumen. Nur 2014)

Wonten ing patrap punika tapak asta ingkang kering mengkurep wonten ing saknginggilipun wentis miturut Wiwik Bagus Marsiwi (informan 03) bilih asta ingkang kanan menika mujudaken nampi dayaning alam saha ingkang kering menika ngunci supados lumebet wonten ing badanipun. Ancas saking *cipta raga* inggih menika supados saged ngraosaken sedaya peranganing badan wiwit saking pucuking suku tumekaning pucukipun rikma sedaya tindak-tanduk ingkang katindakaken ing saben dintenipun migunakaken sedaya peranganing badan saged kasirnakaken saha sageda *mengkoreksi* punapa ingkang dados kalepetanipun.

e. Nyucekaken Tataran Pitu

Nyucekaken tataran pitu punika minangka wos saking ritual jamasan. *Nyucekaken tataran pitu* menika dipuntindakaken kanthi cara ndilat wesi aji kaping wolu. Tata caranipun *Nyucekaken Tataran*

Pitu inggih menika lungguh sila tasih kados *Cipta Raga* lajeng nyebutaken *mantram*:

“*Aku kang jumeneng pribadi ya pribadining manungsa*”

“*Aku kang kuwasa ngereh sadulurku kang lungguh jroning kratonku. Sadulurku kang lungguh ing getihku. Jumedhula Ngratoni blegering wadagku*”

“*Aku manungsa dadi ratuning geni, wiwik wiwik wiwik*”
(nyebutaken asmanipun kaping 3) (CLW 03)

Sabibaripun *mantram* dipunsebutaken wesi aji ingkang sampun dipunobong dipuncepeng ing asta kanan lajeng dipunparingaken ing saknginggilipun mustaka kados gambar ing ngandhap punika:



Gambar 12: Nyepeng Wesi Aji.
(Dokumen. Nur 2014)

Sasampunipun punika *Nyucekaken Tataran Pitu* kalajengaken kanthi dilat wesi aji kaping wolu ingkang saben dilat nyebataken *mantram* kanthi urutan:

“***Resika wuluku***” (ndilat)

“***Resika kulitku***” (ndilat)

“***Resika dagingku***” (ndilat)

“***Resika uratku***” (ndilat)

“***Resika getihku***” (ndilat)

“***Resika balungku***” (ndilat)

“***Resika sungsumku***” (ndilat)

“***Resika ghaibku***” (ndilat)

Nyucekaken Tataran Pitu katindakaken kados ing gambar ngandhap punika:



Gambar 13: Nyucekaken tataran pitu.

(Dokumen. Nur 2014)

Nyucekaken Tataran Pitu punika ancasipun sesuci diri pribadi utawi sesuci raga saking tumindak angkara murka. Babagan ancasipun saking *Nyucekaken Tataran Pitu* kajumbuhaken kados ingkang kaandharaken dening KRT Cipta Asmara (informan 01) ingkang kados mekaten:

“*Hla menika ingkang isinipun jamasan menika sesuci diri, dados jamasan menika sesuci raga mas menika, sasampunipun jamasan menika ingkang isinipun isi- isi penemu nggih. Isi- isi penemu menika kangge maca badanipun piyambak awit saking telenging cipta nganti tumekaning pucuking sikil*” (CLW 01)

Lumantar saking jamasan punika sesuci raga saged katindakaken. Tumindak angkara ingkang asring katindakaken diri pribadi lumantar sedaya peranganing badan wiwit saking telenging cipta minangka punjeripun pikiran dumugi ing pucukipun suku ing saben dintenipun saged dipunsucekaken kanthi cara *Nyucekaken Tataran Pitu*. *Tataran Pitu* inggih menika perangan-peranganing badan manungsa ingkang kaperang wiwit saking wulu, wacual, daging, urat, rah, balung, saha sungsum jumbuh kaliyan ingkang dipunandharaken kaliyan KRT Cipta Asmara (informan 01):

“Dados mula resika wuluku, resika kulitku, dados ingkang isinipun nyuceni tataran pitu awit saking wulu tumekaning sungsum, ingkang isinipun jamasan punika nyuceni tataran pitu. Tataran pitu menika nggih wulu, kulit, daging, urat, getih, balung, sungsum.” (CLW 01)

Wonten ing Sastra Jendra dipunpitadosi bilih nalikanipun jamasan punika ingkang dipunsuceni inggih punika namung tataran pitu, awit saking sajroning badan manungsa inggih kaperang dados pitung tataran kados kala wau, babagan punika dipuntegesaken malih kaliyan andharan saking KRT Cipta Asmara (informan 01):

“Menawi Sastra Jendra nggih niku ning disuceni namung niku, dadi saka wulu, dados menungsa isine rak ya kuwi tah mas? Apa kok sing disuceni mung iku, hla didalam diri manusia isinya Cuma itu, ya gur wulu, nggih kulit, terus daging, urat, darah, balung, sungsum. hla perkara usus amperu, sapanunggalane iku sing nguwasani daging.” (CLW 01)

Jamasan katindakaken minangka sesuci diri pribadining manungsa ingkang saking pitung tataran lumantar saking lidhah. Lumantar saking lidhah amargi miturut *Sastra Jendra lendir-lendir*

ingkang wonten ing lidhah saged dipunsucekaken, kajawi punika makna simbolikipun saking *lendir-lendir* kala wau inggih punika sedaya tetembungan ingkang boten sae kados tembung pisuhan, tembung-tembung ala, saha tembung sugal saged dipunsucekaken kanthi dipunobong kaliyan geni. Babagan nyucekaken tataran pitu punika kajumbuhaken kaliyan andharan saking KRT Cipta Asmara (informan 01):

“Tegesipun bumi, banyu, angin punika saged kangge wudhu, menawi wonten Sastra Jendra wudhune kangge ngresiki lendir-lendir ingkang wonten ilat, contone tembung tembung pisuh, tembung elek, tembung sugal merga saka ilat nggih. menika resike karo geni” (CLW 01)

Kajawi saking menika menawi ingkang dipunjamas kanthi migunakaken geni, peranganing badan sanesipun tamtu saged ngobong utawi saged mlonyoh. Menawi lumantar lidhah boten mlonyoh amargi lidhah punika wonten *cairan-nipun* saengga nalikanipun dipunsucekaken ngangge wesi aji ingkang dados mawa boten saged mlonyoh, namung kados ngunjuk toya ingkang benter menika, babagan punika jumbuh kaliyan ingkang dipunandharaken kaliyan bapak Wardoyo (informan 02):

“Ya nek ora mlonyoh kuwi karana nganggo lidhah berair kui, jadi kalo yang namanya jamasan atau kramas itu kan lidahnya berair umpama dikasih api itu ya tidak akan terjadi mlonyoh utawa mlenthung itu gak akan terjadi. Tapi kalo selain lidah itu mesti mlonyoh, yang kena bibir atau yang lain mesthi mlonyoh. Tapi kalo lidahnya ndhak mlonyoh, ya cuman kaya minum air panas, buntal itu kalo wong jawa ngandhakke buntal itu.” (CLW 02)

Lidhah ingkang sampun dipunjamas boten sakit utawi mlonyoh, ingkang dipunraosaken kaliyan tiyang ingkang nindakaken jamasan punika namung buntal kados ingkang dipunraosaken kaliyan mas Wiwik Bagus Marsiwi (informan 03) ingkang sampun nindakaken jamasan:

“Nek bekas boten enten, nggih rasane buntal niku....nggih nek bar jamasan nika nggih katon jenenge wong reresik nggih niku, kados mbok menawi solat, nika teng pikiran nggih padhang niku nggih sami mawon, kados jamasan ning pikiran nggih padhang, ayem.” (CLW 03)

Nalikanipun nindakaken sesuci raga utawi *nyucekaken tataran pitu* wonten ing Ritual Jamasan ing PSJHPD menika saged dipuntingali bilih awit saking raos batin ingkang meneb saha kapitadosan bilih Gusti Allah ingkang Maha luhur badhe pinaringan daya kekiyatana saha lahir batinipun dhumateng tiyang ingkang nindakaken Ritual jamasan, prosesi *ndilat* wesi aji ingkang benter boten rumaos benter. Menawi dipuntingali saking nalaripun bilih jamasan menika katindakaken kanthi ndilat tatah benter migunakaken lidhah, lajeng lidhah menika wonten *cairan-ipun*, awit saking menika lidhah boten mloyoh utawi boten kraos sakit.

f. Napak Jalak

Napak Jalak menika minangka pethiting ritual jamasan. *Napak Jalak* inggih menika damel *tapak jalak* migunakaken wesi aji ingkang sampun dipunginakaken kangge *Nyucekaken Tataran Pitu*. Tapak jalak inggih punika rajah *Tapak Jalak* utawi rajah Sastra Jendra

ingkang isinipun Aksara Jawa. *Tapak Jalak* punika ngrajah wonten ing toya sekar telon (mawar, kanthil, mlathi) ingkang wonten ing baskom kanthi wujud bunder lajeng dipunpara dados sekawan perangan saha ngginakaken mantram rajah *tapak jalak* kados ingkang dipunandharaen kalian KRT Cipta Asmara (informan 01): “*Mantrammipun menika anu, mantrammipun ngrajah dados rajah menika gandheng tata cara jawa nggih ha na ca ra ka niku*”. (CLW 01)

Mantram saking rajah *Tapak Jalak* inggih menika: “***ha na ca ra ka, da ta sa wa la, pa dha ja ya nya, ma ga ba tha nga, nya ya ja dha pa. la wa sa ta da, ka ra ca na ha, abang, putih, kuning, ireng, rahayu-rahayu-rahayu***”

Gambar nalikanipun ngrajah *Tapak Jalak* saged dipunpirsani kados ing ngandhap punika:



Gambar 14: Ngrajah Tapak Jalak.
(Dokumen. Nur 2014)

Sabibaripun ngrajah, salajengipun mendhet tetesan toya saking wesi aji ingkang sampun kacelupaken ing toya sekar *tapak jalak*. Toya ingkang dipuntetesaken ing tapak asta salajengipun dipunratakaken ing sedaya badan kados ing gambar ngandhap punika:



Gambar. 15: Napak Jalak.

(Dokumen. Nur 2014)

Toya ingkang sampun dipunginakaken kangge jamasan kala wau tasih saged dipunginakaken kangge jejampi saha kangge *pager ghaib* pekarangan-pekarangan saha papan-papan ingkang wingit, punika kados ingkang dipunandharaken kaliyan KRT Cipta Asmara (informan 01):

“Saged dipunginakaken nggih kangge jejampi saged ingkang sami yakin nggih, terus saged dipunginakaken kange wonten papan ingkang wingit-wingit, pageran omah pa papan ingkang wingit-wingit pekarangan-pekarangan” (CLW 01)

Toya salajengipun dipununjuk saged kangge jampi miturut kapitadosanipun para pamupu jamasan, kados ing gambar ngandhap punika:



Gambar. 16: Ngunjuk Toya Sekar Tapak Jalak.

(Dokumen. Nur 2014)

Napak jalak miturut kapitadosan saking PSJHPD ngrajah sedaya rereged saking badan ingkang sampun dipunjamas. Rereged saking badan ingkang sampun dipunjamas menika mujudaken saking para diyu ingkang mapan wonten ing sajroning diri manungsa dados kedah dipunrajah supados ical saking badanipun manungsa lumantar jamasan.

g. Meditasi

Meditasi katindakaken sabibaripun *napak jalak* minangka panutuping prosesi ritual jamasan. Meditasi punika katindakaken kanthi cara masrahaken gesang saha ngosongaken pikiran utawi hening nyenyuwun dhumateng Gusti awit saking sampun nindakaken sesuci, kados ingkang dipun andharaken kaliyan KRT Cipta Asmara (informan 01):

“Sasampunipun jamasan kang isinipun sesuci raga ingkang kados menika, janipun menika dipunlajengaken meditasi, tataranipun menika nggih, nek mpun trus bar jamasan sesuci

raga niku malah boten pareng guyon, rokok-rokokan, wong niku sesuci raga, bar wudu nggih, hla menika lajeng meditasi. Nyenyuwun Ngarsanipun Gusti, pasrah gesang ngosongake pikiran, sing hening kanthi meneng hening mangesthi nyenyuwun.” (CLW 01)

Meditasi katindakaken kanthi cara lungguh sila sami kaliyan *sembah luhur lajeng tapak astanipun dipumbikak wonten saknginggilipun jengku kados ing gambar punika:*



Gambar. 17: Meditasi.

(Dokumen. Nur 2014)

Nalikanipun meditasi asta ingkang kanan dipumbikak saha ingkang kering mengkurep, ancasipun miturut mas Wiwik Bagus Marsiwi ingkang nindakaken meditasi supados saged ngingsep utawi nampi daya saking mantram ingkang dipuntindakaken lajeng ingkang kering mengkurep minangka panguncen utawi panutup kados ing andharan mas Wiwik Bagus Marsiwi (informan 03) ngandhap punika:

“Nek mlumah niku saged ngge panampi, hla ning gegem mengkurep niku ngge penguncen namungan.....misale mendhet to mas? Mendhet ngangge napa niku?misale mantra nggih

mas?maca mantra ngaten, hla tangan sing tengen ngge nyedhot kalih nggegem, hla mengke kan sing mriki (asta tengen) mpun icul malih, dilepas napase icul. Hla nika sing kiwa niki nggegem niki ngge panguncen, dadi mpun mlebet padhane mpun mlebet wonten kiwa namung ngaten niku” (CLW 03)

Asta kanan ingkang mlumah saha asta ingkang kereng mengkurep menika ugi minangka simbol saking pakurmatan dhumateng Gusti saha atur pakurmatan marang sasamining titah. Gusti ingkang mapan wonten inggil kasimbolaken asta tengen saha titah ingkang maoan wonten ing ngandhap. Ancas saking meditasi inggih menika minangka wujud ngeningaken pikiran saha nyenyuwun utawi dedonga marang Gusti supados saged ayem pikiranipun. Miturut kapitadosan saking PSJHPD nalikanipun meditasi diuntindakaken daya kekiyatan saking alam saged dipunpinanggih. Daya kekiyatan saking alam saged rinasuk wonten salebeting badan amargi saking tiyang ingkang nindakaken meditasi nyenyuwun kanthi tumemen saha ngosongaken pikiran saking hawa nafsu ingkang mapan wonten sajroning diri pribadinipun piyambak.

Prosesi Ritual Jamasan ingkang sampun katindakaken dening mas Wiwik Bagus Marsiwi kanthi prosesi-prosesi saha tata cara ingkang manut miturut tradhisi upacara ingkang wonten ing PSJHPD. Jumbuh kaliyan andharan saking Tashadi (1986: 58), ingkang ngandharaken bilih upacara tradhisi inggih menika sedaya tindak-tanduk ingkang gayut kaliyan kapitadosan ingkang lumampah wonten ing sajroning masyarakat. Upacara Ritual Jamasan ingkang dipuntindakaken dening mas Wiwik Bagus

Marsiwi ugi kalaksanan manut kaliyan tata cara kapitadosan ing masyarakat PSJHPD. Ritual Jamasan ingkang wonten ing PSJHPD menika minangka wujud saking panyuwunan dhumateng Gusti Ingkang Maha Luhur ingkang dipuntingali saking segi folkloripun kalebet *folklor eksoterik* awit saking namung saged dipunmangertos dening tiyang ingkang sampun nate nindakaken prosesi Ritual Jamasan saha dipunraosaken kanthi manah ingkang wening saha manah ingkang meneb.

Prosesi Ritual Jamasan ingkang wonten ing PSJHPD menika menawi dipuntingali saking andharan-andharan informan saha ingkang sampun dipuntindakaken dening *paraga panaliten* sarta kajumbuhaken kaliyan andharan saking ahli, saged dipunpendhet dudutan bilih Prosesi Ritual Jamasan ingkang wonten ing PSJHPD menika minangka salah satunggalipun upacara tradhisi ingkang lumampah, katindakaken kanthi tatacara adat ingkang sampun dipunpitados wonten ing masyarakat *penghayati-pun*. Prosesi Ritual Jamasan gadhahi ancas saha mupangat tartamtu ingkang namung saged dipunraosaken dening tiyang ingkang pitados kaliyan tradhisi Upacara Ritual Jamasan menika.

D. Makna Simbolik Piranti Ritual Jamasan

1. Wesi Aji

Wesi aji wonten ing ritual jamasan kaginakaken kangge piranti nyuceni diri. Wesi aji ingkang dipunginakaken saged punapa kemawon boten kedah duwung punapa dene tombak, saged migunakaken glathi, tatah, saha

wesi sanesipun. Kados ingkang dipunandharaken kaliyan KRT Cipta Asmara (informan 01): “*wesi aji saged ginakaken tatah, glathi, wesi punapa kemawon saged.*” (CLW 01) Ananging ingkang asring dipunginakaken kangge ritual jamasan inggih menika tatah amargi barangipun gampil dipunpadosi saha mirah reginipun. Wujud saking tatah ingkang dipunginakaken kangge jamasan inggih menika kados ing gambar punika:



Gambar. 18: Tatah.
(Dokumen. Nur 2014)

KRT Cipta Asmara minangka *informan 01* ngandharaken babagan makna simbolik saking wesi aji bilih:

“*Wonten maknanipun, sebabipun ingkang kangge sesuci ingkang kenging menika ngginakaken barang ingkang saged dipunbong, sepisan niku. Tegesipun bumi,banyu, angin punika kangge sesuci raga saged kangge wudhu, menawi wonten Sastra Jendra wudhune kangge ngresiki lendir- lendir ingkang wonten ilat contone tembung-tembung pisuh, tembung elek, tembung sugal merga saka ilat nggih.menika resike karo geni*” (CLW 01)

Wesi aji wonten salebetipun ing ritual jamasan punika gadhah makna simbolik. Makna simbolik wesi aji miturut kapitadosan saking PSJHPD inggih menika minangka piranti saged kangge nyucekaken rereged. Wesi aji ingkang dipunobong punika saged kangge nyucekaken *lendir-lendir* utawi

rereged ingkang wonten ing lidhah, kados tembung-tembung pisuh, tembung ala, tembung sugal ingkang medalipun saking lidhah saged dipunsucekaken kanthi dipunobong.

2. Anglo

Anglo kaginakaken kangge piranti ngobong wesi aji. Boten wonten paugeren tartamtu babagan anglo ingkang kaginakaken kangge ritual jamasan punika. Anglo ingkang kaginakaken nalikanipun ngobong wesi aji ingkang bakunipun saged kangge wadah areng supados saged enggal damel wesi aji saged dados warni abrit. Miturut KRT Cipta Asmara (*informan 01*) nga ndharaken bilih : "*Anglo menika kasimbolaken dados geni ingkang kangge ngobong utawi nyirnakaken rereged wujudipun geni kangge ngobong wesi aji...*". Wujud anglo ingkang kaginakaken kangge jamasan inggih punika kados ingkang wonten ing gambar punika:



Gambar. 19: Anglo.
(Dokumen. Nur 2014)

Anglo punika kasimbolaken dados geni ingkang saged ngobong rereged ing badanipun manungsa inkang kaperang dados tataranipun wonten pitu. Pitu tataran menika perangan saking badanipun manungsa ingkang kaperang kados: wulu, kulit, daging, urat/otot, rah, balung, saha sungsum. Miturut

kapitadosan saking PSJHPD rereged ingkang wonten ing peranganing badan saged dipunsirnakaken kanthi dipunobong mawi upacara Ritual Jamasan.

3. Dupa

Salebetipun ing ritual jamasan menyan utawi dupa dipunginakaken kangge *pengharum* utawi wewangi papan ingkang badhe dipunginakaken jamasan. Ritual jamasan ing Paguyuban Sastra Jendra Hayuningrat Pangruwating Diyu ngginakaken menyan utawi dupa menika sanes kange uborampe kados ing upacara- upacara ritual sanesipun, kados ingkang kaandharaken kaliyan KRT Cipta Asmara (informan 01):

“Lajeng napa kok ngobong menyan nggih, mengko sanu nganti kleru? Jare menyan ki panganane setan. Menyan menika kange menyatukan dhiri pribadi kita kaliyan penggayuh, kanggo meyakinkan nggih mas. Menyan menika sepisan kange menyatukan, kange penghantar dan untuk menyatukan diri pribadi, panyuwunan sekaligus pengharum ruangan, ben yakin, ben meneb pikirane nek ambune wangi, ambune seger nyenyuwun isa mulya rasane.” (CLW 01)

Aroma utawi wewangi saking dupa saged damel pribadinipun nyawiji kaliyan penggayuh saha saged nambah yakin ayem pikiranipun. Gambar saking dupa utawi menyan saged dipunpirsami ing ngandhap punika:



Gambar 20: Dupa.

(Dokumen. Nur 2014)

Wonten ing PSJHPD menyan utawi dupa boten dipunginakaken kangge piranti Ritual Jamasan. Dupa dipunginakaken kangge sarana wawangen nalikanipun prosesi Ritual Jamasan dipuntindakaken. Kanthi ancas supados saged nambah raos wening saha saged nambah pikiranipun ingkang nindakaken Ritual saged meneb.


4. Tapak Jalak

Tapak Jalak wonten ing prosesi ritual jamasan menika minangka salah satunggalipun piranti kangge sesuci. Dipunsebut *Tapak Jalak* amargi sekar wonten ing baskom punika sabibaripun sesuci dipunrajah kanthi rajah *tapak jalak*. Babagan asmanipun rajah *tapak jalak* punika kados ingkang dipunandharaken KRT Cipta Asmara (informan 01): “*Asmanipun rajah tapak jalak, rajah sastra jendra niku gambare nggih tapak jalak niku wau, dados menika rajah tapak jalak kala wau.*” (CLW 01)

Simbol saking rajah tapak jalak punika dipun damel bunder lajeng dipunprapat utawi dipunpara dados sekawan sinambi dipunrajah *Tapak Jalak* jumbuh kaliyan andharan saking informan “*simbolipun digawe bunder terus dipara papat ta mas*”. (CLW 01)

Mantram saking rajah *Tapak Jalak* inggih menika: “***ha na ca ra ka, da ta sa wa la, pa dha ja ya nya, ma ga ba tha nga, nga tha ba ga ma, nya ya ja dha pa. la wa sa ta da, ka ra ca na ha, abang, putih, kuning, ireng, rahayu-rahayu-rahayu***” (CLW 03)

Gambar rajah *tapak jalak* menawi kagambaraken wonten ing kertas kados ing gambar ngandhap punika:



Gambar 21: Rajah *Tapak Jalak*.
(Dokumen. Nur 2014)

Gambar utawi simbol rajah *Tapak Jalak* kawiwitan saking sisih nginggil mangandhap bunder mangering kados *arah jarum jam*. Saking sisih nginggil sisih kanan punika wosipun “ha na ca ra ka”, lajeng sisih mandhapipun punika “da ta sa wa la”, lajeng ing sisih keringipun punika “pa dha ja ya nya” lajeng ing inggilipun punika “ma ga ba tha nga”. Kalajengaken saking inggil mangandhap “nga tha ba ga ma”, ngandhapipun malih, ”nya ya ja dha pa”, lajeng saking kering lurus manengen “la wa sa ta dha” lajeng kananipun “ka, ra ca, na, ha”.

Tapak Jalak menika wujudipun arupi baskom ingkang salebetipun wonten toya tawa lan sekar telon ingkang peranganipun sekar Mawar, sekar Kanhil saha sekar Mlathi kados ing gambar ngandhap punika:



Gambar. 22: Tapak Jalak.
 (Dokumen. Nur 2014)

Miturut katrangan saking *informan* makna simbolik saking *Tapak Jalak* punika wosipun wonten ing salebetipun sekar telon saha rajah ingkang dipunginakaken, salintunipun menika boten wonten malih. Piranti wadhah-wadhah kados baskom, wadah sesekaran menika namung kangege wadhah kemawon. Makna simbolik saking *tapak jalak* ingkang perangan-peranganipun saged dipunpratelakaken kados mekaten:

a. Sekar Telon

Sesekaran ingkang kaginakaken wonten ing ritual jamasan menika awujud sekar telon. Sekar telon menika peranganipun inggih menika sekar mawar, sekar kanthil saha sekar mlathi. Saben sekar menika nggadhahi makna simbolik ingkang beda-beda, andharannipun saged kababaraken kados ing ngandhap punika:

1) Sekar Mawar

Sekar mawarkaginakaken wonten ing ritual jamasan maknanipun supados salebetipun wonten ing panyuwunan saged tawa utawi tawar kalis saking mala bebaya, utawi saged kalis ing sambikala, jumbuh kaliyan ingkang dipun andharaken kaliyan KRT Cipta Asmara (*informan* 01):

"Mawar menika salebetipun panyuwunan supaya tawa, tawar tan dadi baya napa sak tedhak turunipun. Kalis ing sambikala menika, kembang mawar ki tawa tawar."
 (CLW 01)

Gambar saking sekar mawar menika saged dipunpirsani wonten ing ngandhap punika:



Gambar. 23: Sekar Mawar.
(Dokumen. Nur 2014)

Sekar mawar dipunginakaken wonten ing salebetipun Ritual Jamsaan nggadhahi ancas mujudaken simbol panyuwunan supados saged tawa, tawar, kalis saking sambikala boten wonten alangan satunggaling punapa nalikanipun nindakaken Upacara Ritual Jamasan.

2) Sekar Kanthil

Sekar kanthil kaginakakaen wonten ing ritual jamasan maknanipun menika wonten salebetipun pandonga supados ingkang kumanthil kanthil, wonten salebetipun pangandikan ingkang sae mugi dados panuntuning gesang, jumbuh kaliyan ingkang dipunandharaken KRT Cipta Asmara (informan 01):

“Kanthil menika ingkang kumanthil kanthil wonten salebetipun pangandikan ingkang sae, mugi dados panuntuning gesang”.

(CLW 01)

Gambar saking sekar kanthil menika saged dipunpirsani wonten ing ngandhap punika:



Gambar. 24: Sekar Kanthil.

(Dokumen. Nur 2014)

Sekar kanthil dipunginakaken wonten ing prosesi Ritual Jamasan nggadhahi ancas mujudaken simbol panyuwunan ingkang kumanthil wonten sajroning ati nalikanipun dipun medalaken ing pangandikan supados saged sae anggenipun ngendikan saengga saged dados panuntun ing gesangipun.

3) Sekar Mlathi

Sekar mlathi kaginakaken wonten ing ritual jamasan maknanipun menika salebetipun panyuwunan, pangandikan ingkang medal saking lathi dadosa panuntuning gesang, lumeber dados juru ladining bebrayan ingkang sae, jumbuh kaliyan ingkang dipun andharaken kaliyan KRT Cipta Asmara (informan 01):

“Mlathi menika pangandikan ingkang medal saka lathi dadosa panuntuning gesang lumeber dados juru ladining bebrayan ingkang sae”(CLW 01)

Gambar saking sekar Mlathi menika saged dipunpirsani wonten ing ngandhap punika:



Gambar 25: Sekar Mlathi.

(Dokumen. Nur 2014)

Sekar mlathi wonten ing salebetipun Ritual Jmasan kaginakaken nggadhai ancas mujudaken simbol panyuwunan supados sedaya ingkang medal saking lathi sageada arum utawi sae sahengga saking pangandikanipun saged dados juru ladi utawi juru panuntun ing pagesanganipun ing alaming bebrayan.

b. Rajah *Tapak Jalak*

Simbol saking tapak jalak punika dipundamel bunderan saha dipunperang dados sekawan perangan. Mantram saking rajah *Tapak Jalak* inggih menika: “*ha na ca ra ka, da ta sa wa la, pa dha ja ya nya, ma ga ba tha nga, nga tha ba ga ma, nya ya ja dha pa. la wa sa ta da, ka ra ca na ha, abang, putih, kuning, ireng, rahayu-rahayu-rahayu*” Makna ingkang wonten salebetipun simbol *tapak jalak* inggih menika nggambaraken kemayan sekawan perkawis utawi napsu saking manungsa

ingkang wonten sekawan perkawis. Perangan- peranganipun saged kababaraken kados ing ngandhap punika:

1) Abrit

Abrit menika nedahaken simbol *sedulur* ingkang warni abrit. *Sedulur* ingkang wujudipun abrit punika mapanipun wonten ing salebetipun Rah utawi getih. Plawanganipun wonten ing talingan utawi medal saha mlebetipun saking talingan. Warni abrit punika saged nggamaraken napsuning manungsa ingkang awujud kabrangasan utawi napsu *amarah*.

2) Pethak

Pethak menika nedahaken simbol *sedulur* ingkang warni pethak. *Sedulur* ingkang wujudipun pethak punika mapanipun wonten ing napas utawi nupsu. Plawanganipun wonten ing grana utawi irung. Warni pethak punika saged nggamaraken napsuning manungsa ingkang awujud napsu *mutmainah* utawi napsu ingkang sae.

3) Jene

Jene menika nedahaken simbol *sedulur* ingkang warni jene. *Sedulur* ingkang wujudipun jene punika mapanipun wonten salebetipun balung- sungsum plawanganipun wonten ing netra. Warni jene punika saged nggamaraken napsuning manungsa ingkang awujud napsu *supiyah*,

4) Cemeng

Cemeng menika nedahaken simbol *sedulur* ingkang warni cemeng, *sedulur* ingkang wujudipun cemeng punika mapanipun wonten ing salebetipun daging- kulit. Plawanganipun wonten ing tutuk. Warni cemeng punika saged nggamaraken napsuning manungsa ingkang awujud napsu *aluamah*.

5) Panjer

Penjer menika maknanipun kaslametaning diri pribadining manungsa ingkang mapanipun wonten ing ati.

Simbol *sedulur* ingkang cacah sekawan menika wonten ing kapitadosan para *penghayat* SJHPD minangka nepsu saking manungsa ingkang wonten diri pribadining manungsa, salebetipun rajah menika wonten **aksara Jawi wutuh** saha **caraka balik**. Aksara menika kasimbolaken minangka simbol saking pagesanganipun manungsa wonten ing alam bebrayan ingkang kedah menggalih. Menggalih sedaya kemawon ingkang arupi nafsu *amarah*, *mutmainah*, *supiyah* saha *aluamah*. Sedaya kedah dipunpenggalih saha dipunraosaken, ananging wonten kala mangsanipun kedah dipungelar utawi dipungulung supados saged selaras antawisipun nafsu kaliyan kabetahan.

Babagan rajah *tapak jalak* punika kajumbuhaken kaliyan ingkang dipunandharaken kaliyan KRT Cipta Asmara (informan 01) ingkang kados mekaten:

“Tapak jalak niku digawe bunder trus diprapat nggih, hla menika nuduhaken kemayan patang prakara,napsuning manungsa papat, abang, putih, kuning, ireng. Lajeng, abang niku nuduhaken sedulur sing rupa abang, kratone ana getih, plawangane wonten kuping. Putih menika nuduhaken sedulur putih,kratone wonten ing napas utawi nupus,plawangane wonten grana utawi irung. Terus kuning nggih, kuning nuduhaken sedulur kuning, plawangane wonten mripat, kratone wonten balung sungsum. Terus ireng, sedulur ireng pelawangane wonten tutuk/ cangkem, pelawangane wonten ing daging kulit, hla menika salebetipun ngrajah tapak jalak nggih, menika terus panceripun keslametaning dhiri.” (CLW 01)

Wonten ing salebetipun Ritual Jamasan *Rajah Tapak Jalak* menika mujudaken simbol-simbol tartamtu ingkang andharanipun sampun kababaraken wonten ing inggil kala wau, ingkang baku wonten ing prosesi Ritual Jamasan menika inggih menika kangege ngeker utawi kangege ngrajah sifat-sifat saking manungsa ingkang kasimbolaken dados sekawan warni (abrit, pethak, jene, cemeng) supados saged kajumbuhaken ing tindak-tandukipun manungsa saengga saged dados panuntun wonten ing pagesangannipun.

Makna simbolik ingkang wonten ing prosesi Ritual Jamasan PSJHPD ngemu salah satunggalipun ancas tartamtu ingkang wonten ing piranti-piranti ingkang dipunginakaken nalikanipun prosesi Ritual Jamasan. Miturut Sunjata (1997: 54) saben upacara adat kawrat ancas, paedah saha makna wonten ing upacara ingkang dipuntindakaken. Upacara tradhisi minangka salah satunggalipun wujud *ungkapan* budaya ingkang gadhah paedah antawisipun minangka sarana kangege nyawijkaken titah marang Pangeran menapa dene nyawijkaken antawisipun sesamining titah saking Pangeran.

Makna-makna simbolik saking piranti ingkang dipunginakaken wonten ing Ritual Jamasan ingkang sampun dipunandharaken ing inggil menika sampun cetha saha jumbuh kaliyan andharan *informan* menapa dene andharan saking ahli. Saking uraian andharan-andharan *informan* saha kajumbuhaken andharan ahli saged dipunpendhet dudutanipun bilih salebetipun prosesi Ritual Jamasan ingkang ngginakaken piranti-piranti tartamtu ingkang sampun dipunandharaken, wonten makna-makna simbolik tartamtu ingkang nggadhai ancas saha paedah tartamtu ingkang, mujudaken *ungkapan* budaya minangka sarana nyawijekaken titah marang Pangeranipun lumantar pandonga utawi panyuwunan saha sarana nyawijekaken saamining tumitah kanthi lumantar tindak-tanduk ingkang awujud *sosial* ing pagesanganipun.

E. Paedah Prosesi Ritual Jamasan

1. Paedah Spiritual

Paguyuban Sastra Jendra Hayuningrat Pangruwating Diyu minangka salah sawijining paguyuban *penghayat* kapitadosan utawi wewarah babagan kebatinan ingkang langkung nengenaken babagan *ngelmu rasa*. *Ngelmu rasa* punika ingkang baku ngrumaosaken sedaya tindak- tanduk saking sabendintenipun kanthi raos ingkang saestu temen. Sedaya tindak- tanduk dipuntindakaken kanthi raos ing batinipun, marang sesami titahing Gusti saged laras ayom sesarengan wonten ing alam donya.

Wonten ing ajaranipun Sastra Jendra wonten tigang pathokan ingkang dados dhasaring lelampaahan ing bebrayan kados ingkang dipunandharaken kaliyan KRT Cipta Asmara (informan 01) bilih:

“...Sastra Jendra Hayuningrat Pangruwating Diyu menika wonten pathokan tiga, ingkang setunggal memayu hayuning bawana. Tegesipun wong sastra jendra kuwi duwe rasa welas asih marang sapadha-padhaning tumitah, marang sak sapa wae, ngilangake rasa adigang-adigung-adiguna. Manis ing eseming budi, kuwi dadi juru ladosing bebrayan ingkang sae awit saka cak-cakan apa wae. Malaya memalaning bumi, saha uga asung pitulungan dhateng asanes, pitulungan ingkang saged dipun lampahi para kadang-kadang sastra jendra”. (CLW 01)

Tiga pathokan kala wau inggih punika ingkang sepisan *hamemayu hayuning bawana*, tegesipun tiyang Sastra Jendra menika kedah nuwuhaken raos welas asih marang sasamining titah lan ngajeni marang sesamining tiyang, ngilangaken raos *adigang adigung adiguna*. Pathokan ingkang kaping kalih inggih menika *manis ing eseming budi*, tegesipun saged dados juru ladosing bebrayan ingkang sae awit saking tindak-tanduk punapa kemawon. Pathokan ingkang kaping tiga inggih menika *malaya memalaning bumi saha asung pitulungan dhateng asanes*, tegesipun tiyang Sastra Jendra kedah purun paring pitulungan dhumateng tiyang sanes, pitulungan punapa kemawon ingkang saged dipunlampahaken kaliyan kadang Sastra Jendra.

Saking pathokan-pathokan ingkang wonten ajaran utawi wewarah saking paguyubanipun sampun ketinggal bilih Sastra Jendra Hayuningrat Pangruwating Diyu punika uga nggatosaken babagan *spiritual*. Lelampaahan saking sedaya prosesi ritual sampun nedahaken wonten daya

spiritual ing salebetipun jamasan. Jamasan punika kajawi minangka sesuci raga ugi minangka salah sawijining wujud saking panyuwunan tumrap kaslametaning diri. Awit saking menika, ritual jamasan punika gadhah paedah *spiritual* tumrap para warga Sastra Jendra punapa dene tiyang sanes, kados ingkang dipunandharaken kaliyan KRT Cipta Asmara (informan 01):

“Kagem salebetipun spiritual, kajawi nyuwun kaslametaning dhiri, ugi kenging kangge nyuwun keslametaning sadaya keluwaega kanan kering” (CLW 01)

Jamasan menika minangka sesuci dhiri utawi sesuci raga, kalamun mekaten, salebetipun jamasan ugi saged kangge maos badanipun piyambak awit saking pucuking suku tumekanipun teleng cipta. Salebetipun maos saking telenging cipta tumekaning suku menika saged ngrumaosaken saben perangan- peranganing badan sahengga sedaya tindak- tanduk ingkang asipat angkara ingkang dipuntindakaken saben peranganipun badan saged kasirnakaken kanthi sesuci raga utawi jamasan. Babagan punika kajumbuhaken kaliyan ingkang dipunandharaken kaliyan KRT Cipta Asmara (informan 01):

“Salebetipun sesuci raga nika nggih, jamasan menika saged kangge nyingkaraken para diyu tumindak angkara murka, nyucekaken para diyu tumindak angkara murka.” (CLW 01)

Paedah *spiritual* ingkang wonten salebetipun ritual jamasan ing ngginggil punika dipunwuwuhaken malih kaliyan bapak Wardoyo (informan 02) ingkang ngandharaken kadosmekaten:

“Jamasan kanggone Sastra Jendra kuwi nek wong Jawa ya kramas, nek wong jawa kramase nganggo biasane sampo, terus nek wong islam ya wudu nganggo banyu, nek seka Sastra Jendra ya carane kramas sesuci ya nganggo geni kuwi ya nganggo peso nganggo geni kuwi. Ning jawabe tujuane padha ning Gusti Allah jane. Sikape ya wis ngono kuwi dadi posisi jamasan ki dienggo sesuci, nggo nyuceni diri pribadi, reresik. Resik budine resik pikire, resik nalare, ya wis nggo ngresiki pribadining masing-masing”(CLW 02)

Kajumbuhaken kaliyan andharan saking informan bilih ritual jamasan punika sami kaliyan kramas, menawi tiyang jawi ngginakaken sampo saha tiyang islam wudu ginakaken toya lan tiyang Sastra Jendra kramasipun kanthi ritual jamasan ginakaken geni. Paedahipun jamasan menika katindakaken, supados saged nyucekaken diri pribadi, nyucekaken budi, pikiran saha nalaripun kanthi lumantar saking ritual jamasan.

2. Paedah Sosial

Paguyuban Sastra Jendra Hayuningrat Pangruwating Diyu paring wedharan kaliyan para warganipun supados saged hamemayu hayuning buwana saha saged asung pitulungan dhumateng tiyang sanes, tegesipun tiyang Sastra Jendra punika kedah nuwuhaken raos welas asih tumrapipun sesami titahing Gusti, sasaged-sagedipun paring pambiyantu kaliyan tiyang sanes ingkang nembe nandang pitulungan. Wedharan punika ugi katingal nalikanipun wonten ing ritual jamasan.

Salah sawijinipun paedah sosial ingkang wonten ing ritual jamasan inggih menika paedah saking toya ingkang dipunginakaken kangge sesuci saged kangge jejampi saha saged kangge pager pekarangan, saged ugi kangge pitulungan tumrapipun tiyang ingkang nandhang pepeteng. Babagan paedah sosial punika kajumbuhaken kaliyan andharan saking KRT Cipta Asmara (informan 01):

“Saged kangge pitulungan dhateng tiyang sanes ingkang sami betahaken, ingkang sami yakin, contone pepeteng, utawi papan ingkang wingit, kados kala wau, nggih tata cara adat nggih kene, kangge mageri omah lan pitulungan sanes- sanesipun.”
(CLW 01)

Babagan paedahipun toya *Tapak Jalak* punika ugi dipunandharaken kaliyan bapak Wardoyo (informan 02):

“Segi sosiale banyu jamasan kuwi kena dinggo sanak sedulur sing lara isa kanggo tamba, nek ana masalah sing rereged isa nggo ngresiki, contone nek wong Jawa ngresiki pekarangan ngono kae, ning nek jamasan kui isa dienggo ngresiki nggon pekarangan kui disiramke ning pekarangan,disiramke ning ngarep lawang dienggo ngilangke sukerta, segi sosiale ya kui, ning okeh- okehe ya nggo tamba. Umpamane lara sing suwe ora mari- mari ngono kui sok karana banyu jamasan kui Gusti Allah marengke gek ya isa waras.” (CLW 02)

Paedahipun toya *tapak jalak* menika saged kaginakaken kangge jejampi tiyang ingkang nembe nandhang gerah, kanthi ngunjuk toya ingkang dipunginakaken kangge jamasan saha Keparengipun Gusti saged waras utawi mantun saking gerahipun. Toya *tapak jalak* ugi saged kaginakaken kangge ngicalaken rereged utawi sukerta ingkang wonten ing pekarangan kanthi dipunsiramaken wonten ing pekarangan saha dipunsiramaken wonten ing sangajengipun lawang.

3. Paedah Kangge Nguri-uri Tradhisi

Paguyuban Sastra Jendra Hayuningrat Pangruwating Diyu punika minangka salah satunggalipun paguyuban ingkang ngreksa luhuring budaya Jawi saha nglestantunaken adat budaya Jawi. Sedaya wedharan saha tata cara ritual- ritual sarta basanipun ingkang dipuntindakaken wonten ing PSJHPD kanthi adhedhasar adat Jawi. KRT Cipta Asmara (informan 01) ugi mratelakaken wonten ing andharanipun babagan sedaya ingkang katindakaken wonten ing PSJHPD katindakaken kanthi adhedhasar adat Jawi ingkang kados mekaten:

“Sastra Jendra niku melestarikan budaya adat, tata cara adat, gandheng wong jawa, basane ya jawa, aksarane jawa tulisane jawa, maknane ya jawa. Apa kok jawa? Jawa menika prasaja lan walaka napa wontenipun. Dados menika tata cara jawa. Hla salebetipun sastra jendra, menika ancas tujuaniipun melestarikan budaya adat sekaligus ngreksa kalawan luhuring budaya jawa.”(CLW 01)

Ritual jamasan ingkang katindakaken kanthi tata cara Jawi menika nedahaken bilih saking ritual jamasan, para warga saking Paguyuban Sastra Jendra Hayuningrat Pangruwating Diyu sampun ndherek nglestantunaken adat istiadat kabudayan Jawi. Sedaya perangan- peranganing ritual katindakaken kanthi adat jawa, wiwit saking prosesi- prosesinipun, bahasa ingkang wonten ing mantram saha ubarampenipun ugi adhedhasar kanthi migunakaken adat Jawa ingkang dipuntilar saha dipunlampahi kaliyan para leluhur kalarumiyn. Babagan punika kajumbuhaken kaliyan andharan saking bapak Wardoyo (informan 02) ingkang kados mekaten:

“Ya nek gayute kaliyan kebudayaan ya nguri- uri lakuning jawa, wong jawa, dadi ya tinggalane wong- wong biyen, mbah- mbah mbiyen, jenengenguri- uri kabudayane jawa sing nggenah ya memetri ngelmu, memetri peninggalane mbah- mbah biyen sing butuhe dinggo kekuatan batin, dinggo njaga keslametan ya paling tidak ya jenenge nek dinggo ngawekani awake dhewe supaya tumindake luwih prayoga luwih apik kayane conto sing lumaku ana ing Sastra Jendra kuwi pangruwating diyu kan? Pangruwating diyu dadi kanggo kekuatan apa wae isa. Segi budayane ya memang itu agemaning wong jawa sing kudu dilestarikan.” (CLW 02)

Lumantar saking tradhisi Jawa, daya kekiyatan batin saged dipungayuh, ngelmu penemu saking Sastra Jendra tuladhanipun. Ngelmu penemu utawi ngelmu raos saged dipunpanggihaken ugi nalikanipun nindakaken ritual jamasan. Ritual jamasan wonten ing paguyuban Sastra Jendra punika katindakaken kaliyan para warga Sastra Jendra amargi gadhah paedah kangge memetri ngelmu batin supados saged njagi keslametanipun diri pribadi saha saged nglatih kesabaranipun piyambak. Kados ingkang dipunandharaken kaliyan bapak Wardoyo (informan 02) ing ngandhap punika:

“Tradisi Jawane sing genah ya isine nggo ngelmu, nggo jaga dhiri, nggo nglatih kesabaran. Ya Jane pie ya? Dalam arti kata wong Jawa ya untuk satu kekuatan ghaib dalam pribadinya dadi ya nggo jaga keslametanning dhewe.” (CLW 02)

Kabudayan medal saking budi dayaning manungsa minangka kasil saking *pola perilaku* wonten ing sabendintenipun. Miturut Tashadi (1992: 1) kabudayan mujudaken kasil budi dayaning manungsa ingkang saged ngangkat drajatinpun manungsa minangka titah ingkang paling inggil drajatipun tinimbang titah sanes saking budi daya akal, manungsa

saged bentenaken perkawis ingkang sae punapa dene perkawis ingkang awon. Saking akal saha budi kala wau saged nuwuhaken pamanggih-pamanggih ingkang dipunwujudaken minangka karya ingkang pungkasanipun dados kabudayan. Awit saking punika, ritual jamasan katindakaken minangka sarana mbudidaya utawi memetri kabudayan Jawi ingkang sampun tinilar kaliyan para leluhur ing jaman rumiyin, saking jamasan paedah nguri-uri kabudayan Jawi saged katindakaken.

BAB V

PANUTUP

A. Dudutan

Panaliten ritual jamasan wonten ing PSJHPD menika ngandharaken prosesi ritual jamasan, makna simbolik piranti ingkang dipunginakaken kange ritual saha paedah ritual jamasan. Kangge ngandharaken ancasing panaliten menika, panaliti migunakakaken panaliten *kualitataif*. Anggenipun ngempalaken data kanthi *pengamatan berperan serta* (*Participant Observation*) saha *wawancara mendalam*. Anggenipun nglampahi pengamatan *pengamatan berperan serta* kanthi cara panaliti ndherek langsung lampahipun upacara ritual jamasan ing lapangan. Cara menika ugi gampilaken anggenipun *wawancara mendalam* kaliyan para *informan*.

Ritual jamasan wonten ing PSJHPD saged katindakaken kanthi piyambak-piyambak saha sesarengan, wonten ing panaliten menika katindakaken kanthi piyambak. Papan ritual jamasan ing panaliten menika katindakakaen wonten ing griyanipun bapak KRT Cipta Asmara Adinagoro ing dusun Watuploso, RT 06. RW 01, kelurahan Domas kecamatan Bulukerto, kabupaten Wonogiri. Ritual jamasan menika katindakaken dening mas Wiwik Bagus Marsiwi ugi ingkang minangka *paraga panaliten* ing panaliten menika. Ritual jamasan dipuntindakaken ing dinten Kemis Pahing dalu utawi malem Jum'at Pon, Surya kaping 27 wulan Februari tahun 2014.

Lampahipun adicara ritual jamasan wonten ing PSJHPD kaperang dados pitu prosesi, prosesi-prosesinipun inggih menika:

1. Cecawis Jamasan

Cecawis jamasan katindakaken saderengipun ritual jamasan kalaksanan.

Sedaya cecawis ingkang kedah dipunsamaptakaken inggih menika:

- a. Cecawis papan, papan ingkang kedah dipunsamaptakaken inggih menika kedah resik lajeng dipunparingi wewangen migunakaken dupa.
- b. Cecawis piranti, piranti ingkang dipunsamaptakaken kangge ritual jamasan inggih menika: sekar telon (mawar, kanthil, mlathi), toyatawar, baskom, anglo, areng, wesi aji (awujud tatah), dupa. Sedaya piranti kala wau bakunipun kangge nyamaptakaken damel sekar tapak jalak saha kangge piranti ngobong wesi aji.

2. Lampahing Prosesi Ritual Jamasan

Ritual jamasan kalampahan saking pitu prosesi, inggih menika:

- a. *Manembah marang Gusti*, inggih menika menawi wonten ing PSJHPD dipunsebut *Sembah Luhur*. *Sembah Luhur* katindakaken kanthi lenggah sila, asta wonten ing sak nginggilipun mustaka.
- b. *Mujekaken para leluhur*, katindakaken kanthi lenggah sila sami kaliyan *Sembah Luhur* ananging astanipun wonten ing teleng cipta antawisipun alis kanan lan kering.

- c. *Sembah Jaja* inggih menika sembah dhumateng jati dhirinipun piyambak. *Sembah Jaja* katindakaken kanti lenggah sila sami kaliyan *sembah Luhur* ananging astanipun wonten jaja utawi dhadha.
- d. *Cipta Raga*, inggih menika jinggleng raga utawi ngraosaken sedaya perangan- perangan badan. Wiwit saking pucuking driji suku dumugi ing mustaka. Cipta Raga katindakaken kanthi lenggah sila sami kaliyan *sembah luhur*, ananging astanipun wonten ing sak inggilipun pelanangan.
- e. *Nyucekaken tataran pitu*, punika minangka wos saking ritual jamasan. *Nyucekaken tataran pitu* menika dipuntindakaken kanthi cara ndilat wesi aji ingkang sampun dipunobong kaping wolu.
- f. *Napak Jalak*, inggih menika minangka pethiting ritual jamasan. *Napak Jalak* inggih menika damel *tapak jalak* migunakaken wesi aji ingkang sampun dipunginakaken kangege *Nyucekaken Tataran Pitu*. Tapak jalak inggih punika rajah *Tapak Jalak* utawi rajah Sastra Jendra ingkang isinipun Aksara Jawa.
- g. *Meditasi*, katindakaken sabibaripun *napak jalak* minangka panutuping prosesi ritual jamasan. Meditasi punika katindakaken kanthi cara masrahaken gesang saha ngosongaken pikiran utawi hening nyenyuwun dhumateng Gusti awit saking sampun nindakaken sesuci

Lampahing prosesi ritual jamasan wonten ing PSJHPD ngginakaken piranti-piranti ingkang gadhah makna simbolik tartamtu, makna simbolik ingkang

wonten ing piranti ingkang dipunginakaken wonten ing prosesi ritual jamasan inggih menika:

1. Wesi aji, wonten ing ritual jamasan kaginakaken kangge piranti nyuceni diri. Wesi aji ingkang dipunginakaken saged punapa kemawon boten kedah duwung punapa dene tombak, saged migunakaken glathi, tatah, saha wesi sanesipun, ananging ingkang asring dipunginakaken kangge ritual jamasan inggih menika tatah. Makna simbolik wesi aji ingkang minangka piranti kangge nyucekaken rereged. Wesi aji ingkang dipunobong punika saged kangge nyucekaken *lendir-lendir* utawi rereged ingkang wonten ing lidhah, kados tembung-tebung pisuh, tembung ala, tembung sugal ingkang medalipun saking lidhah saged dipunsucekaken kanthi dipunobong.
2. Anglo, kaginakaken kangge piranti ngobong wesi aji. Anglo ingkang kaginakaken nalikanipun ngobong wesi aji ingkang bakunipun saged kangge wadah areng supados saged enggal damel wesi aji saged dados warni abrit. Anglo punika kasimbolaken dados geni ingkang saged ngobong rereged ing badanipun manungsa inkang kaperang dados tataranipun wonten pitu (wulu, kulit, daging, urat/ otot, rah, balung, sungsum).
3. Dupa, wonten ing ritual jamasan PSJHPD ngginakaken menyan utawi dupa menika sanes kangge uborampe kados ing upacara- upacara ritual sanesipun, dupa dipunginakaken kangge *pengharum* utawi wewangi papan ingkang badhe dipunginakaken jamasan. *Aroma* utawi wewangi

saking dupa saged damel pribadinipun nyawiji kaliyan penggayuh saha
saged nambah yakin ayem pikiranipun

4. Sekar tapak jalak. Sesekaran ingkang kaginakaken wonten ing ritual jamasan menika awujud sekar telon. Sekar telon menika peranganipun inggih menika sekar mawar, sekar kanthil saha sekar mlathi. Saben sekar menika nggadhahi makna simbolik ingkang beda- beda, sekar mawar kaginakaken wonten ing ritual jamasan maknanipun supados salebetipun wonten ing panyuwunan saged tawa utawi tawar kalis saking mala bebaya, utawi saged kalis ing sambikala. Sekar kanthil, kaginakakaen wonten ing ritual jamasan maknanipun menika wonten salebetipun pandonga supados ingkang kumanthil kanthil, wonten salebetipun pangandikan ingkang sae mugi dados panuntuning gesang. Sekar mlathi, kaginakaken wonten ing ritual jamasan maknanipun menika salebetipun panyuwunan, pangandikan ingkang medal saking lathi dadosa panuntuning gesang, lumeber dados juru ladining bebrayan ingkang sae.

Ritual jamasan wonten ing PSJHPD gadhahi paedah tumrapipun tiyang ingkang nindakaken prosesi ritual saha paedah kangge warga paguyuban menapa dene tiyang sanes warga paguyuban SJHPD. Ritual jamasan wonten ing PSJHPD gadhah paedah tumrap pagesangan, ing antawisipun: (1) Media *spiritual*, Jamasan punika kajawi minangka sesuci raga ugi minangka salah sawijining wujud saking panyuwunan tumrap kaslametaning diri marang Gusti Ingkang Murbeng Dumadi. Kalamun mekaten, salebetipun jamasan ugi saged kangge maos badanipun

piyambak awit saking pucuking suku tumekanipun teleng cipta. Salebetipun maos saking telenging cipta tumekaning suku menika saged ngrumaosaken saben perangan-peranganing badan sahengga sedaya tindak- tanduk ingkang asipat angkara ingkang dipuntindakaken saben peranganipun badan saged kasirnakaken kanthi sesuci raga utawi jamasan. (2) sarana paring pitulungan dhateng tiyang sanes utawi paedah sosial, awit saking toya ingkang sampun dipunginakaen kangge ritual jamasan (toya sekar tapak jalak) dipunpitados saged paring berkah karana panyuwunan dhumateng Gusti saged kangge jejampi saha saged kaginakaken kangge *pager griya*. (3) Sarana nglestantunaken tradhisi utawi nguri-uri kabudayan Jawi. Paguyuban Sastra Jendra Hayuningrat Pangruwating Diyupunika minangka salah satunggalipun paguyuban ingkang ngreksa luhuring budaya Jawi saha nglestantunaken adat budaya Jawi. Sedaya wedharan saha tata cara ritual- ritual sarta basanipun ingkang dipuntindakaken wonten ing PSJHPD kanthi adhedhasar adat Jawi. Awit saking menika sampun ketingal bilih ritual jamasan katindakaken dening warga PSJHPD minangka salah satunggalipun sarana nglestantunaken adat budaya Jawi utawi sarana mbudidaya memetri kabudayan Jawi ingkang sampun tinilar kaliyan para leluhur ing jaman rumiyin.

Saking pratelan ing nginggil menika, katingal bilih ritual jamasan wonten ing PSJHPD tasih dipunlampahi amargi gadhah pangajab tumrap ancas lan paedah saking lampahing prosesi upacara ritual jamasan.

B. Implikasi

Implikasi panaliten menika awujud tradhisi ingkang tasih dipunlestantunaken dumugi samenika kedah dipunjagi, dipunbudidaya saha dipunuri-uri dening para warga PSJHPD. Miturut kapitadosan saking para warga PSJHPD, lumantar ritual jamasan menika minangka sarana kangge nyenyuwun dhumateng Gusti Ingkang Maha Agung supados saged pinaringan kaslametan saha pitedah wonten ing alaming bebrayan.

C. Pamrayogi

Ritual Jamasan ingkang dipunlampahi dening warga PSJHPD menika salah satunggaling budaya spiritual Jawi ingkang sampundipunwarisaken dening para leluhur ingkang kedah dipunpepetri. Prosesi ritual jamasan wonten ing PSJHPD menika saged kangge sarana piwulangan babagan ajaran moral saha spiritual kangge warga PSJHPD piyambak menapa dene tumrap warga masyarakat umum. Kawigatosan saking paerintah dipunbetahaken minangka salah satunggalipun *payung hukum* ingkang sah supados paguyuban menika saged tetep ngrembaka wonten ing zaman ingkang sampun sarwi modern menika.

KAPUSTAKAN

- Bratasiswara, R. Harmanto. 2000. *Bauwarna Adat Tata Cara Jawa*. Jakarta: Yayasan Suryasumirat
- Dananjaja, James. 1986. *Folklor indoesia: Ilmu Gosip, Dongeng dan lain-lain*. Cetakan ke-2. Jakarta: Pustaka Utama Grafiti.
- _____. 1986. *Folklor Indonesia*. Jakarta: Grafitipers
- Widhy Astuti, Dhyan. 2013. Upacara Tradhisi kirab Brata Metri Bumi Wonten ing Dhusun Kaliurang, Desa Hargobinangun, Kecamatan Pakem, Kabupaten Sleman. *Skripsi*. Yogyakarta: UNY
- Dwiyanto, Djoko. 2010. *Penghayat Kepercayaan Terhadap Tuhan Yang Maha Esa “Di Daerah Istimewa Yogyakarta”*. Yogyakarta: Pararaton.
- Endraswara, Suwardi. 2003. *Mistik Kejawen: Sinkritisme, Simbolisme dan Sufisme dalam Budayav Spiritual Jawa*. Yogyakarta: Narasi.
- _____. 2006. *Metodologi Penelitian Kebudayaan*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- _____. 2006. *Metode, Teori, Teknik Penelitian Kebudayaan: Ideologi, Epistemologi, dan Aplikasi*. Yogyakarta: Pustaka Widyatama.
- Herusatoto, Budiono. 2008. *Simbolisme Jawa*. Yogyakarta : Ombak.
- Koentjaraningrat. 1984. *Kebudayaan Jawa*. Jakarta: Balai Pustaka
- _____. 1985. *Pengantar Ilmu Antropologi*. Jakarta: Aksara Baru.
- Mardalis. 2004. *Metode Penelitian (Suatu Pendekatan Proposal)*. Jakarta: Bumi Aksara
- Moloeng. Lexy. J. 2001. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: Rosdakarya
- Rubyatin. 2006. Upacara Jamasan Pusaka di Dusun Kalibening Desa Dawuhan Kecamatan Banyumas. *Skripsi*. Yogyakarta: UNY.
- Spradley, James. 1997. *Metode Etnografi*. Yogyakarta : Tiara Wacana.
- Sunjata, Pantja, dkk. 1997. *Kupatan Jalasutra Tradisi, Makna dan Simboliknya*. Yogyakarta: Depdikbud.

Tashadi, dkk. 1986. *Upacara Tradisional Saparan Daerah Gamping dan Wonolelo Yogyakarta*. Yogyakarta: Depdikbud.

Tim Penyusun. 2011. *Panduan Tugas Akhir*. Yogyakarta: FBS UNY.

Catatan Lapangan Observasi (CLO: 01)

Hari/Tanggal : Kamis, 27 Februari 2014

Jam : 13.00-16.00 WIB

Tempat : Desa Domas, Kecamatan Bulukerto, Kabupaten Wonogiri

Topik : *Deskripsi setting Ritual Jamasan*

A. Kahanan *Geografis* Papan Panaliten


Kecamatan Bulukerto inggih menika salah satunggalipun kecamatan ingkang wonten ing Kabupaten Wonogiri sisih wetan udakara 53 KM saking pusat kota Wonogiri, wiyaripun kirang langkung 40,52 KM². Kecamatan Bulukerto kaperang dados 9 desa saha 1 kelurahan, inggih menika Bulukerto, Bulurejo, Ngaglik, Nadi, Domas, Sugihan, Tanjung, Krandegan, Geneng, Conto. Dusun Watuploso menika salah satunggalipun dusun ingkang wonten ing kelurahan Domas. Kelurahan Domas kaperang dados 4 dusun, inggih menika dusun Watuploso, dusun Duwet, dusun Kanti, saha dusun Pondok. Kanthi cara *administratif* desa Domas gadhah wates- wates ing panggenan kados mekaten:

Sisih Ler : Desa Sugihan

Sisih Wetan : Desa Tanjung

Sisih Kidul : Desa Nadi


Sisih Kilen : Kecamatan Slogohimo



Gambar 01 Peta Kecamatan Slogohimo

Papan panaliten ingkang dipunginakaken kangge upacara ritual jamasan katindakaken wonten ing griyanipun bapak KRT Cipta Asmara Adinagoro ing

Dhusun Watuploso, RT 06. RW 01, kelurahan Domas kecamatan Bulukerto, kabupaten Wonogiri. Griyanipun KRT Cipta Asmara wonten ing sisih ler masjid Baiturrohman kirang langkung 100 meter kados ing gambar peta ngandhap punika:



Gambar. 02: Dhenah Papan ritual jamasan

Ket:

1. Masjid Baiturohman
2. Papan Panaliten

Saking arah Slogohimo- Bulukerto mangering utawi mangaler, wonten masjid Baiturrohman mangaler kirang langkung 100 meter lajeng sisih wetan dalan kirang langkung 20 meter griyanipun KRT Cipta Asmara.

Catatan Refleksi:

1. Papan ritual katindankaken wonten ing gruyanipun KRT Cipta Asmara Adinagoro, Dhusun Watuploso, RT 06. RW 01, kelurahan Domas kecamatan Bulukerto papanipun wonten sisih ler-wetan saking pusat kota Wonogiri udakara 53 KM.

Catatan Lapangan Observasi (CLO 02)

Hari/Tanggal : Kamis, 27 Februari 2014

Jam : 08.00 WIB – 11.00 WIB

Tempat : Dalmipun KRT Cipta Asmara Adinagoro

Topik : Damel Sekar Tapak Jalak

Sekar Tapak Jalak inggih menika salah satunggalipun piranti ingkang dipunginakaken kange prosesi Ritual Jamsan wonten ing Paguyuban Sastra Jendra Hayuningrat Pangruwating Diyu. Sekar Tapak Jalak menika awujud *sekar telon* ingkang dipunlebetaken wonten ing baskom saha dipuncampur kaliyan toya tawa. Sekar telon menika awujud sekar *mawar*, sekar *mlathi*, saha sekar *kanthil*. Sesekaran ingkang kaginakaken kange piranti Tapak Jalak dipunpados saking mendhet wonten ing sakiwa tengenipun pekarangan, amargi wonten ing pekarangan wonten dados boten kedah tumbas ing peken.

a. Cecawis Sekar Tapak Jalak

Sekar tapak jalak dipundamel wiwit ing dinten kamis pahing surya kaping 27 Februari 2014. Wiwit jam 08.00 WIB, sampun pados sesekaran ingkang wonten ing pekarangan. Sesekaran ingkang awujud sekar mawar, kanthil saha mlathi dipunpendhet lajeng dipunpilih ingkang tasih seger saha boten layu. Sekar mawar ingkang tasih awujud wutuh lajeng dipun-*pretheli* utawi dipunpisah saking *kelopak-ipun*. semanten ugi kaliyan sekar kanthil dipunpisah saking *kelopak-ipun*. Sasampunipun menika, sesekaran kala wau dipun lebetaken wonten ing baskom. Amargiadicara Ritual Jamasan katindakaken ing wanci dalu, toya tawar dipunparingaken ing wanci dalunipun nalika Upacara Ritual badhe kawiwitan.



Gambar 03: Sekar Tapak Jalak.

Dok. Nur 2014

Toya tawar dipunparingaken ing jam 23.00 nalikanipun Upacara Ritual Jamasan badhe kalaksanan. Toya tawa dipunpundhut saking sumur ingkang wonten ing griyanipun KRT Cipta Asmara Adinagoro.

Catatan Refleksi:

1. Damel sekar tapak jalak katindakaken ing dinten kamis pahing surya kaping 27 Februari 2014 ing wanci enjing jam 08.00 WIB kalajengaken ing wanci dalu jam 23.00 WIB. Ing wanci enjingipun nyamaptakaken sekar ing baskom, lajeng ing wanci dalu sekar dipunparangi toya tawar,
2. Sekar Tapak Jalak inggih menika wujud sekar telon inggih menika *sekar mawar, sekar kanthil, saha sekar mlathi*.

Catatan Lapangan Observasi (CLO 03)

Hari/Tanggal : Kamis, 27 Februari 2014

Jam : 14.00 WIB – 24.00 WIB

Tempat : Dalmipun KRT Cipta Asmara Adinagoro

Topik : Nyamaptakaken Piranti Wesi Aji

Wesi Aji inggih menika salah satunggalipun piranti jamasan ingkang dipunginakaken kange sesuci raga. Wesi aji saged ginakaken tatah, glathi, lading, utawi wesi-wesi sanesipun. Wesi aji kasamptakaken ing wanci siang jam 14.00 kanthi pados wesi aji ingkang arupi *tatah*. Tatah ingkang kaginakaken kange wesi aji dipunpados saking tumbas ing toko material. Wesi aji ingkang kaginakaken ing Ritual Jamasan migunakaken tatah amargi gampil ingkang pados saha reginipun ingkang boten awis.

Sasampunipun pados wesi aji, lajeng pados areng kaliyan anglo kange ngobong wesi aji. Areng dipunpados saking pawon, amargi wonten pawon menika wonten areng dados boten kedah tumbas utawi damel malih. Areng menika saking telas kajeng ingkang kaginakaken kange masak ing sabendintenipun. Anglo ingkang kaginakaken kange waduh ngobong wesi aji menika saking kagunganipun piyambak. Sasampunipun sedaya piranti kange ngobong wesi aji kasamptakaken, lajeng dipunpapanaken wonten ing sapinggairing papan Ritual jamasan, amargi boten lajeng dipunobong ananging tasih dipun obong ing wanci dalu saderengipunadicara Ritual Jamsan katindakaken.



Gambar 04: Ngobong Wesi Aji.

Dok. Nur 2014

Wanci dalunipun udakara ing jam 23.00 piranti kangge ngobong wesi aji kasamaptakaken. Areng dipun obong ing anglo lajeng sasampunipun areng sampun murub wesi aji lajeng kemawon dipunobong. Wesi aji ingkang awujud tatah dipun obong ngantos warninipun abrit.

Catatan Refleksi:

1. Piranti wesi aji kasamaptakaken ing dinten kamis pahing siang surya kaping 27 Februari 2014, wiwit jam 14.00 WIB kalajengaken dalunipun ngobong wesi aji ing jam 23.00 WIB
2. Wesi Aji ingkang kaginakaken kangge Upacara Ritual Jamasan inggih menika awujud *tatah* ingkang dipunpendhet saking tumbas ing toko material.
3. Piranti ingkang kangge ngobong wesi aji inggih menika anglo kaliyan areng

Catatan Lapangan Observasi (CLO 04)

Hari/Tanggal : Kamis, 27 Februari 2014

Jam : 20.00 WIB – 22.00 WIB

Tempat : Dalmipun KRT Cipta Asmara Adinagoro

Topik : Nyamaptakaken papan

Nyamaptakaken papan menika katindakaken ing wanci sonten saderengipunadicara ritual jamasan katindakaken ing dinten Kamis Pahing, surya kaping 27 Februari 2014. Cecawis menika awujud reresik wonten ing papan ingkang badhe dipunginakaken kangge ngleksanani Upacara Ritual Jamasan. Papan ingkang dipunginakaken kangge prosesi jamasan inggih menika wonten ing dalemipun KRT Cipta Asmara Adinagoro. Cecawis Papan ingkang dipunginakaken kangge Ritual Jamasan kawiwitan ing wanci 08.00. Papan ingkang badhe dipunginakaken Ritual Jamasan dipunsapu supados boten wonten rereged. Salajengipun papan ingkang badhe dipunginakakaen kangge Ritual Jamasan dipunlmabari kaliyan klasa supados boten asrep.

Sasampunipun resik papan ingkang badhe dipunginakaken kangge Upacara Ritual Jamasan dipunparingi wewangen migunakaken dupa. Dupa ingkang dipunginakaken menika awujud dupa hio. Dupa ingkang sampun cumawis lajeng dipunobong supados saged nambah raos kanthi ayem nalikanipun Ritual Jamasan katindakaken. Piranti-piranti ingkang badhe dipunginakaken kangge Upacara Ritual Jamasan dipunsamaptakaken wonten ing papan ingkang sampundipun samaptakaken.



Gambar 05: Nyamaptakaken Papan.

Dok. Nur 2014

Wonten ing tabuh 11.00 sedayanipun sampun dipunsamaptakaken, lajeng nengga prosesi Ritual Jamasan dipuntindakaken. Prosesi Ritual Jamasan katindakaken ing wanci tengah dalu, inggih menika dipunwiwiti ing jam 24.00 WIB.

Catatan Refleksi:

1. Nyapaptakaken papan ingkang badhe dipunginakaken kangge Upacara Ritual Jamasan kalaksanan ing dinten Kamis Pahing, surya kaping 27 Februari 2014 wiwit jam 22.00 dumugi jam 11.00.

Catatan Lapangan Observasi (CLO 05)

Hari/Tanggal : Kamis Pahing, 27 Februari 2014- Jum'at Pon, 28 Februari 2014

Jam : 24.00 WIB – pungkasan

Tempat : Dalmipun KRT Cipta Asmara Adinagoro

Topik : Ritual Jamasan

Ritual Jamasan katindakaken ing wanci tengah dalu jam 24.00 dumugi pungkasan ing malem Jum'at Pon Surya Kaping 27 Februari 2014. Ritual jamasan dipuntindakaken kanthi cara piyambak. Ritual Jamasan dipunlampahi dening Mas Wiwik Bagus Marsiwi. Upacara Ritual Jamasan katindakaken wonten ing Griyanipun KRT Cipta Asmara Adinagoro. Adicara Ritual Jamasan kawiwitan sabibaripun sedaya piranti sampun kasamaptakaken, wiwit saking piranti Sekar Tapak Jalak saha piranti Wesi Aji.

Tata cara ingkang dipunlampahi dening mas Wiwik Bagus Marsiwi inggih menika migunakaken tata cara Ritual Jamsan ingkang baku dipuntindakaken manut kaliyan Paguyuban Sastra Jendra Hayuningrat Pangruwating Diyu. Prosesi Ritual Jamasan dipunwiwiti dening Mas Wiwik Bagus Marsiwi kanthi nindakaken ritual *manembah marang Gusti*, salajengipun ritual *sembah cipta*, salajengipun ritual *sembah jaja*, salajengipun ritual *cipta raga*, salajengipun ritual ingkang dados bakunipun ritual inggih menika *nyucekaken tataran pitu*, salajengipun ritual *napak jalak*, salajengipun dipun pungkasi kanthi ritual *meditasi*.



Gambar 06: Ritual Jamasan (nyuceni tataran pitu)

Dok. Nur 2014

Prosesi Ritual Jamasan katindakaken nggadhahi ancas kangge sarana nyenyuwun saha minangka sarana nyucekaken dhiri pribadi saking sifat angkara utawi sifat-sifat ala ingkang wonten ing badanipun piyambak.

Catatan Refleksi:

1. Ritual Jamasan katindakaken ing malem Jum'at Pon surya kaping 27 Februari 2014 ing griyanipun bapak KRT Cipta Asmara ingkang mapan wonten ing dusun Watuploso, RT 06, RW 01, kelurahan Domas kecamatan Bulukerto, kabupaten Wonogiri.
2. Ritual Jamasan Katindakaken dening Mas Wiwik Bagus Marsiwi kanthi cara ijen utawi piyambak kanthi manut saking tatacara Ritual ingkang wonten ing Paguyuban Sastra Jendra Hayuningrat Pangruwating Diyu.

Catatan Lapangan Wawancara (CLW: 01)

- Hari/Tanggal : Minggu Kliwon, 02 Februari 2014
- Jam : 15. 26 WIB
- Tempat : Dalemipun KRT Cipta Asmara Adinagoro
- Narasumber : KRT Cipta Asmara Adinagoro
- Nur : *Menawi nalikanipun badhe jamasan ubarampe ingkang dipunginakaken kangge jamasan punika menapa kemawon pak? Lajeng tata upacaranipun kados pundi?*
- CLW 01: *banyu tawa, kembang telon, terus nganggo geni, tatah, glathi, wesi menapa kemawon saged.*
- Nur : *Nggih, lajeng menawi tata upacaranipun kados pundi?*
- CLW 01: *ingkang isinipun, jamasan menika dipunawiti niku manembah manut agama ingkang wis rinasuk, wonten Ngarsanipun Gusti Allah, Gusti ingkang Maha Wikan, Gusti ingkang Maha Asih padha mawon nggih! Nyuwun pangayoman, tuntunan padhang dhumateng Ngarsaning Gusti ingkang Ngakarya jagad. Menawi sampun, kaping kalihipun menika mujekaken marang para Eyang leluhur. Mugi-mugi para eyang leluhur ingkang sampun tinampi wonten ngayunaning Pangeran saged malebet wonten swarganing Allah. Kaping tiganipun menika sembah jaja. Sembah jaja menika sembah dhumateng jati dhirinipun piyambak, menika salebetipun mugi pinaringan daya kekiyatana lahir-batin. Dados alat2ipun kembang telon mau mawar, kanthil, mlathi. Mawar menika salebetipun panyuwunan supaya tawa, tawar tan dadi baya napa sak tedhak turunipun. Kalis ing sambikala menika, kembang mawar ki tawa tawar.*
- Nur : *nggih salajengipun?*

CLW 01: *Kanthil menika ingkang kumanthil kanthil wonten salebetipun pangandikan ingkang sae, mugi dados panuntuning gesang. Mlathi menika pangandikan ingkang medal saka lathi dadosa panuntuning gesang lumeber dados juru ladining bebrayan ingkang sae. Hla menika ingkang isinipun jamasan menika sesuci raga mas. Saksampunipun menika jamasan menika isi-isinipun ilmu penemu nggih, kangge maca badanipun piyambak awit saking telenging cipta nganti tumekaning pucukke jempolaning sikil. Salebetipun isining ngilmu rag niku to? Boten sah diwaca, tegese mawon kangge maca sing sangka telenging cipta, saindenging badan menika mpun diwaca wonten mriku. “nur urip cahya wewayangan lsp...(CA RA KA Kawedhar) mpun mangke dioncekne enten mriku!*

Nur : *nggih salajengipun wosipun malih kados pundi pak?*

CLW 01: *Lajeng isinipun Sastra jendra menika kangge,,kajawi kangge nyenyuwun menika kados Sastra Tulis menika mpun apal nggih? Sastra Jendra kangge nytingkiraken para diyu tumindak angkara murka, terus salajengipun?*

Nur : *lajeng menika babagan acara ritual wiwit saking wiwitan dumugi pungkasan pokok-pokokipun dospundi pak? nembe satleraman pak, bakunipun saking wiwitan menapa-menapa malih pak? Umami kados tahlilan punapa boten?*

CLW 01: *niku relatif mas, dadi mangke menawi badhe wiwitan ritualan menika mangke jenengan catet kemawon nggih? Hla menika relatif, niku mangke badhe jamasan tahlilan nggih saged, boten nggih saged dados manut pikirane dhewe-dhewe mas! Dados keyakinane dhewe-dhewe. Tahlilan ya sae, langsung jamasan ngaten nggih sae. Hla menika isinipun sesuci raga, sawijining jamasan isine kang kados ngaten menika, janipun dipunlajengaken meditasi, tataranipun menika nggih? Bar sesuci raga niku bar nggih boten guyon, boten rokok-rokokan, wong bar sesuci*

raga? bar wudu nggih? Hla menika lajeng meditasi. Nyenyuwun ngarsaning Gusti, pasrah gesang ngosongake pikiran, sing hening, meneng, mangesthi.

Nur : *nggih, lajeng salebetipun jamasan menika pak, wonten urut-urutanipun nyuwun sewu saderengipun ndilat menika kados pundi pak? Kala wau sampun dumugi sembah jaja kala wau lajengipun kados pundi pak?*

CLW 01: *hla sik mau kae hluw dhik urut-urutane sik manembah mau kae?*

Nur : *nggih ingkang sampun dumugi sembah jaja kala wau nggih pak?*

CLW 01: *nggih pas sesucine pas iku, dadi pas resika wuluku, resika kulitku, dados ingkang isinipun nyuceni tataran pitu awit saking wulu tumekaning sungsum, ingkang isinipun jamasan punika nyuceni tataran pitu. Tata cara adat lawas.*

Nur : *tataran pitu menika kados pundi ak?*

CLW 01: *Tataran pitu menika nggih wulu, kulit, daging, otot/ urat, getih, balung, sungsum.*

Nur : *biasanipun wonten tapak jalak menika pak, tapak jalak menika salebeting tiga sekar kala wau wonten urut-urutan matramipun dos pundi pak?*

CLW 01: *Mantrammipun menika anu, mantrammipun ngrajah dados rajah menika gandheng tata cara jawa nggih **ha na ca ra ka** niku.*

Nur : *rajah menika asmanipun menapa pak?*

CLW 01: *niku asmane rajah tapak jalak, menawi rajah kala cakra boten ngaten mangke wol! Niku rajah sastra jendra gambare tapak jalak niku. Mung rajahe rajah tapak jalak.*

Nur : *menawi simbol saking Rajah tapak jelak menika wonten punapa boten pak?*

CLW 01: *simbolipun nuduhaken saben sakothak menika nuduhaken sedulur papat mas. Simbole tapak jalak niku digawe bunder terus piprapat to nggih? Menika nuduhaken kemayan patang perkara. Nafsuning manungsa papat. Abang, niku penjenengan ngisorke niku mangke nek perlu dileti jenengan cathet. Abang, putih, kuning, ireng. Lajeng abang menika nuduhaken sedulur sing rupa abang, kratone ana getih plawangane wonten kuping. Abang, terus putih nggih? Putih menika nuduhaken sedulur putih, kratone wonten ing napas utawi nupus, plawangane wonten grana utawi irung. Terus kuning nggih, kuning nuduhaken sedulur kuning, plawangane wonten mripat, kratone wonten balung sungsum. Terus ireng, sedulur ireng pelawangane wonten tutuk/cangkem, pelawangane wonten ing daging kulit, hla menika salebetipun ngrajah tapak jalak nggih, menika terus panceripun keslametaning dhiri. Terus ditancepne tengah menika pancer niku keslametaning dhiri. Terus napa malih?*

Nur : *sakbibaripun ngrajah tapak jalak menika, toya saking ngrajah tapak jalak sage ddipunginakaken kangge menapa kemawon?*

CLW 01: *Saged dipunginakaken nggih kangge jejampi saged ingkang sami yakin nggih, terus saged dipunginakaken kangge wonten papan ingkang wingit-wingit, pageran omah, pa papan ingkang wingit-wingit pekarangan-pekarangan. Terus iso diubengne ngomah kanggo panyuwunan, sing terakhir nek banyu kuwi isih, isa disebarne ning teras, empyak, iso disuwunke kanggo sedulur2 sing ana perantauan.*

Nur : *meniika sampun babagan makna simbolis, kaliyan prosesi, salajengipun menawi menika pak, paedahipun saking jamasan menika menapa pak?*

CLW 01: *paedah spiritual menika mangke kagem nggih menika? Kagem nyuwun kaslametaning diri ugi nyuwun kaslametaning kaluwarga saha kanan kering. Lajeng ingkang sosial kangge pitulungan dhateng tiyang sanes*

ingkang sami betahaken, ingkang sami yakin, contone pepeteng, utawi papan ingkang wingit, kados kala wau, nggih tata cara adat nggih kenek, kangge mageri omah lan pitulungan sanes- sanesipun.

Nur : *lajeng paedah saking nguri-uri tradhisi menika kados pundi pak?*

CLW 01: *paedah kangge nguri-uri tradhisi menawi sastra jendra menika tata cara adat murih lestarining adat sekaligus kuwating budaya jawa utawi syareating tata cara jawa, jawa kuna. Sastra Jendra niku melestarikan budaya adat, tata cara adat, gandheng wong jawa, basane ya jawa, aksarane jawa tulisane jawa, maknane ya jawa. Apa kok jawa? Jawa menika prasaja lan walaka napa wontenipun. Dados menika tata cara jawa. Hla salebetipun sastra jendra, menika ancas tujuanipun melestarikan budaya adat sekaligus ngreksa luhuring budaya jawa.*

Nur : *lajeng kirang setunggal pak menika kala wau kula kesupen, menawi wonten jamasan ginakaken kados tatah, glathi saha wesi aji sanesipun menika punapa wonten maknanipun pak?*

CLW 01: *wonten maknanipun, sebabipun ingkang kangge sesuci ingkang kenging menika ngginakaken barang ingkang saged dipunbong, sepisan niku. Tegesipun bumi,banyu, angin punika kangge sesuci raga saged kangge wudhu, menawi wonten Sastra Jendra wudhune kangge ngresiki lendir-lendir ingkang wonten ilat contone tembung-tembung pisuh, tembung elek, tembung sugal merga saka ilat nggih.menika resike karo geni. Lajeng salebetipun sampun saha tatah, glathi, wesi, sapanunggalane sabibaripun kangge jamasan, menika saged kangge njaga omah ya mas, kasarane kangge pageran asanes kang tujuane sae.*

Nur : *dados kala wau urut-urtanipun saking prosesi ritual jamasan ingkang sepisan menika saking wiwitan, manembah, lajeng nyuwun pangayoman, lajeng mujekaken leluhur...?*

CLW 01: *mujekaken leluhur nyuwun keslametaning dhiri sak tedhak turunipun.*

Nur : *lajeng sembah jaja nggih pak? Lajeng dumugi nyucekaken menika?*

CLW 01: *nggih!*

Nur : *menika dados saking persiapan menika, menawi wonten tahlilan, nggih boten menapa- menapa nggih?*

CLW 01: *Nggih boten napa-napa!*

Nur : *lajeng sabibaripun menika menawi dipunperinci dipunlajengaken ngobong dupa, lajeng ngobong glathi utawi tatah menika lajeng dipunlajengaken sembah menika nggih pak?*

CLW 01: *nggih! Lajeng napa kok ngobong menyan nggih, mengko sanu nganti kleru? Jare menyan ki panganane setan. menyan menika kangge menyatukan dhiri pribadi kita kaliyan penggayuh, kanggo meyakinkan nggih mas. Saged menyan menika sepisan kangge menyatukan, kangge penghantar dan untuk menyatukan diri pribadi, panyuwunan sekaligus pengharum ruangan, ben yakin, ben meneb pikirane nek ambune wangi, ambune seger nyenyuwun isa mulya rasane. Menyan iku, dados mangke kok nganggo menyan? Hla menyan menika isinipun menika. Kok jare menyan panganane setan, kui jane ora! Hla nek menyan panganane setan ya entek no wong bakul menyan ning pasar kae dipangani setan? Menyan ki mung kangge pengantar nggih? Pengantar panyuwunan, kangge meyakinke!*

Nur : *nggih menika kala wau kirang ngeh babagan pitung tataran kala wau pak? menawi perangan badan sanesipun kados pundi pak?*

CLW 01: *Menawi Sastra Jendra nggih niku ning disuceni namung niku, dadi saka wulu, dados menungsa isine rak ya kuwi tah mas? Apa kok sing disuceni mung iku, hla didalam diri manusia isinya Cuma itu, ya gur wulu, nggih kulit, terus daging, urat, darah, balung, sungsum. Hla perkara usus amperu, sapanunggalane iku sing nguwasani daging.*

CLW 01: *Ning panjenengan nganggone ritualane pra gur cukup langkah-langkahe mriku para gur nganggo kembang telon niku to mas?*

Nur : *nggih pak, lajeng menawi rapal-rapalane, matram-matramipun kula kinten botensah kula andharaken?*

CLW 01: *boten mas ingkang baken nggih secara simbolis, dados matramipun boten.*

Nur : *menika nggih awrat saha rahasia nggih?*

CLW 01: *nggih janipun boten wong niku umpama pas ngruwat ya kanggo, dados umpama ngruwat ya kanggo, umpama dikekne sound ya sapa sing ngrukngokne namung mangke rak kakean nggih?*

Nur : *dados mangke mbok bilih kula lampiraken matramipun saking sembah saking Gusti niku kados pundi pak?*

CLW 01: *Ooo..menawi niku saged mas! Kaping pisan menika manembah dhateng Gusti, kaping kalihipun nyucekaken marang Leluhur, kaping tiganipun menika nyuwun kepercayaan diri pribadi, dados niku mangke mangga jenengan tambahi mangga. Iku mau pra wus kathah mas, mangke mpun jenengan tambahi pra mpun kathah mas?*

Nur : *Nggih pak, kula kinten nggih sampun cekap matur nuwun.*

Catatan Lapangan Wawancara (CLW: 02)

Hari/Tanggal : Senin Legi, 3 Maret 2014

Jam : 08. 43 WIB

Tempat : Dalemipun bapak Wardoyo

Narasumber : Bapak Wardoyo

Nur : *menawi wonten Sastra Jendra jamasan menika paedahipun kangge menapa pak?*

CLW 02 : *Jamasan kanggone Sastra Jendra kuwi nek wong Jawa ya kramas, nek wong jawa kramase nganggo biasane sampo, terus nek wong islam ya wudu nganggo banyu, nek seka Sastra Jendra ya carane kramas sesuci ya nganggo geni kuwi ya nganggo peso nganggo geni kuwi. Ning jawabe tujuane padha ning Gusti Allah Jane. Sikape ya wis ngono kuwi dadi posisi jamasan ki dienggo sesuci, nggo nyuceni diri pribadi, reresik. Resik budine resik pikire, resik nalare, ya wis nggo ngresiki pribadining masing-masing*

Nur : *lajeng menawi saking segi sosial paedahipun jamasan menika kados pundi pak?*

CLW 01 : *Segi sosiale banyu jamasan kuwi kena dinggo sanak sedulur sing lara isa kanggo tamba, nek ana masalah sing rereged isa nggo ngresiki, contone nek wong Jawa ngresiki pekarangan ngono kae, ning nek jamasan kui isa dienggo ngresiki nggon pekarangan kui disiramke ning pekarangan, disiramke ning ngarep lawang dienggo ngilangke sukerta, segi sosiale ya kui, ning okeh- okehe ya nggo tamba. Umpamane lara sing suwe ora mari- mari ngono kui sok karana banyu jamasan kui Gusti Allah marengke gek ya isa waras*

Nur : *menawi saking segi tradhisi jawanipun kados pundi pak?*

CLW 02 : *Tradhisi Jawane sing genah ya isine nggo ngelmu, nggo jaga dhiri, nggo nglatih kesabaran. Ya jane pie ya? Dalam arti kata wong Jawa ya untuk satu kekuatan ghaib dalam pribadine dadi ya nggo jaga keslametanning dhewe, ning ko Sastra Jendra kuwi kudu sabar contone umpama awake dhewe kui dinyek ngono ora perlu trus bertindak, ngko sekali awake dhewe kena masalah awake dijotos, sekali dua kali kita*

masih sadar nanti tiga kali kita baru berbuat, perbuatan dari sastra jendra itu cara wong bales iku lebih parah dengan ilmu sastra jendra kui, yowis ngono kui sak pengertianku.

- Nur : *gayutipun kalih kebudayaan menika wonten boten?*
- CLW 02 : *Ya nek gayute kaliyan kebudayaan ya nguri- uri lakuning jawa, wong jawa, dadi ya tinggalane wong- wong biyen, mbah- mabah mbiyen, jenengenguri- uri kabudayane jawa sing nggenah ya memetri ngelmu, memetri peninggalane mbah- mbah biyen sing butuhe dinggo kekuatan batin, dinggo njaga keslametan ya paling tidak ya jenenge nek dinggo ngawekani awake dhewe supaya tumindake luwih prayoga luwih apik kayane conto sing lumaku ana ing Sastra Jendra kuwi pangruwating diyu kan? Pangruwating diyu dadi kanggo kekuwatan apa wae isa. Segi budayane ya memang itu agemaning wong jawa sing kudu dilestarikan.*
- Nur : *nggih lajeng niku pak, kados pundi kok boten mlonyoh lidhahipun nalikanipun jamasan boten mlonyoh?*
- CLW 02 : *Ya nek ora mlonyoh kuwi karana nganggo lidhah berair kui, jadi kalo yang namanya jamasan atau kramas itu kan lidahnya berair umpama dikasih api itu ya tidak akan terjadi mlonyoh utawa mlenthung itu gak akan terjadi. Tapi kalo selain lidah itu mesti mlonyoh, yang kena bibir atau yang lain mesthi mlonyoh. Tapi kalo lidahnya ndhak mlonyoh, ya cuman kaya minum air panas, buntal itu kalo wong jawa ngandhakke buntal itu. Hanya kayak buntal gitu.*
- Nur : *nggih pak cekap matur nuwun*

Catatan Lapangan Wawancara (CLW: 03)

Hari/Tanggal : 27 Februari 2014
Jam : 02. 43 WIB
Tempat : Dalemipun KRT Cipta Asmara Adinagoro
Narasumber : mas Wiwik Bagus Marsiwi

Nur : *menawi wonten ritual jamasan menika toya ingkang kaginakaken menika dipunpendhet saking pundi mas? punapa saking setunggal sumber punapa saking pitung sumber punapa sanesipun?*

CLW 03: *Khasiate padha, boten ngangge pitung tempuran boten napa-napa, boten wonten maknane, penting banyu putih, resik, banyu tawa mpun sami mawon*

Nur : *lajeng niku, sekaripun namung sekar telon punapa dos pundi mas?*

CLW 03: *niku sekar telon*

Nur : *lha menika saking pundi mas? Sekaripun dipunpendhet saking tumabas napa saking pundi?*

CLW 03: *niku sekar telon, mbok menawi sekitar griya utawi sak kiwa tengene wonten nggih mendhet mriku, boten wonten nggih tumbas boten napa-napa.*

Nur : *dados boten wonten punapa- punapa mas mendhet saking pekarangan punapa tumbas peken?*

CLW 03: *nggih boten napa-napa namung kangge wewangen.*

Nur : *lajeng sakbibaripun jamasan menika rasane pripun mas? Napa wonten bekase boten?*

CLW 03: *Nek bekas boten enten, nggih rasane buntal niku...*

Nur : *rasaning pikiran kaliyan rohani niku pripun napa wonten bedanipun napa boten?*

CLW 03: *nggih nek bar jamasan nika nggih katon jenenge wong reresik nggih niku, kados mbok menawi solat, nika teng pikiran nggih padhang niku nggih sami mawon, kados jamasan ning pikiran nggih padhang, ayem.*

Nur : *lajeng kala wau posisi saking wiwitan dumugi pungkasan pas posisi meditasi wonten asta ingkang setunggal mlumah saha wonten ingkang mengkurep niku dospundi?*

CLW 03: *Nek mlumah niku saged ngge panampi, hla ning gegem mengkurep niku ngge penguncen namungan.....*

Nur : *nggih ingkang mlumah niku tengen nggih mas? Niku kok tengen boten sing kiwa niku pripun?*

CLW 03: *niku misale mendhet to mas? Mendhet ngangge napa niku?misale mantra nggih mas?maca mantra ngaten, hla tangan sing tengen ngge nyedhot kalih nggegem, hla mengke kan sing mriki (asta tengen) mpun icul malih, dilepas napase icul. Hla nika sing kiwa niki nggegem niki ngge panguncen, dadi mpun mlebet padhane mpun mlebet wonten kiwa namung ngaten niku*

Nur : *nggih mas sampun matur nuwun*

WEDHARAN INFORMAN

Ingkang napak asmani wonten ing ngandhap menika kula:

Nama	:	eipto. Asmoro
Pendidikan	:	Smp
Yuswa	:	F4
Padamelan	:	Swasta
Peran Ing Panaliten	:	informan


Ngandharaken bilih:

Nama	:	Riri Afif Wibowo
NIM	:	10205241065
Jurusan/ Fakultas	:	PBD / fBS

Saestu sampun nglampahi wawanpangandikan minangka cara pados data
kangge panaliten kanthi irah- irahan **“Ritual Jamasan Wonten Ing Paguyuban
Sastra Jendra Hayuningrat Pangruwating Diyu”**.

Wonogiri, Juli 2019

Ingkang Napak Asma



(..... eipto. Asmoro

WEDHARAN INFORMAN

Ingkang napak asmani wonten ing ngandhap menika kula:

Nama : Wor Dogo
 Pendidikan : SMP
 Yuswa : Zy R.
 Padamelan : Swasti.
 Peran Ing Panaliten : Informan.

Ngandharaken bilih:

Nama : Nur Afif Wibowo
 NIM : 10205291065
 Jurusan/ Fakultas : PBD / FBS

Saestu sampun nglampahi wawanpangandikan minangka cara pados data
 kangge panaliten kanthi irah- irahan "**Ritual Jamasan Wonten Ing Paguyuban**
Sastra Jendra Hayuningrat Pangruwating Diyu".

Wonogiri, Juli 2019

Ingkang Napak Asma

Wor Dogo

 (.....)

WEDHARAN INFORMAN

Ingkang napak asmani wonten ing ngandhap menika kula:

Nama : *Wiwik Bagus Worswi*

Pendidikan : *SMA*

Yuswa : *26*

Padamelan : *swasta*

Peran Ing Panaliten : *Informan don paroge Rival*

Ngandharaken bilih:

Nama : *Nur Afif Wibowo*

NIM : *10205291065*

Jurusan/ Fakultas : *PBD / FB S*

Saestu sampun nglampahi wawanpangandikan minangka cara pados data
kangge panaliten kanthi irah- irahan "**Ritual Jamasan Wonten Ing Paguyuban**
Sastrra Jendra Hayuningrat Pangruwating Diyu".

Wonogiri, *Juli 2019*

Ingkang Napak Asma



(.....)



KEMENTERIAN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
FAKULTAS BAHASA DAN SENI

Alamat: Karangmalang, Yogyakarta 55281 **(0274) 550843, 548207 Fax. (0274) 548207**
[http://www.fbs.uny.ac.id//](http://www.fbs.uny.ac.id/)

105

FRM/FBS/33-01
10 Jan 2011

Nomor : 2209d/UN.34.12/DT/XII/2013
Lampiran : 1 Berkas Proposal
Hal : Permohonan Izin Penelitian

18 Desember 2013

Kepada Yth.
Gubernur Daerah Istimewa Yogyakarta
c.q. Kepala Bakesbanglinmas DIY
Jl. Jenderal Sudirman No. 5 Yogyakarta 55231

Kami beritahukan dengan hormat bahwa mahasiswa kami dari Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta bermaksud mengadakan **Penelitian** untuk memperoleh data guna menyusun Tugas Akhir Skripsi (TAS)/Tugas Akhir Karya Seni (TAKS)/Tugas Akhir Bukan Skripsi (TABS), dengan judul:

***RITUAL JAMASAN WONTEN ING PAGUYUBAN PENGHAYAT KEPERCAYAAN TERHADAP TUHAN
YANG MAHA ESA SAstra JENDRA HAYUNINGRAT PANGRUWATING DIYU***

Mahasiswa dimaksud adalah :

Nama	: NUR AFIF WIBOWO
NIM	: 10205241065
Jurusan/ Program Studi	: Pendidikan Bahasa Jawa
Waktu Pelaksanaan	: Desember 2013 – Februari 2014
Lokasi Penelitian	: Domas, Bulukerto, Wonogiri

Untuk dapat terlaksananya maksud tersebut, kami mohon izin dan bantuan seperlunya.

Atas izin dan kerjasama Bapak/Ibu, kami sampaikan terima kasih.

a.n. Dekan
Kasubbag Pendidikan FBS,

Indun Probo Utami, S.E.
NIP. 19670704 199312 2 001





Yogyakarta, 19 Desember 2013

Nomor : 074 / 2340 / Kesbang / 2013
Perihal : Rekomendasi Izin Penelitian

Kepada Yth. :
Gubernur Jawa Tengah
Up. Kepala Badan Kesbangpol dan Linmas
Provinsi Jawa Tengah
Di
SEMARANG

Memperhatikan surat :

Dari : Dekan Fakultas Bahasa dan Seni UNY
Nomor : 2209d / UN.34.12 / DT / XII / 2013
Tanggal : 18 Desember 2013
Perihal : Permohonan Izin Penelitian

Setelah mempelajari surat permohonan dan proposal yang diajukan, maka dapat diberikan surat rekomendasi tidak keberatan untuk melaksanakan penelitian dalam rangka penyusunan skripsi dengan judul proposal : “ **RITUAL JAMASAN WONTEM ING PAGUYUBAN PENGHAYAT KEPERCAYAAN TERHADAP TUHAN YANG MAHA ESA SASTRA JENDRA HAYUNINGRAT PANGRUWATING DIYU** ”, kepada:

Nama : NUR AFIF WIBOWO
NIM : 10205241065
Prodi / Jurusan : Pendidikan Bahasa Jawa
Fakultas : Bahasa dan Seni UNY
Lokasi : Domas, Bulukerto, Wonogiri, Jawa Tengah
Waktu : Desember 2013 s/d Februari 2014

Sehubungan dengan maksud tersebut, diharapkan agar pihak yang terkait dapat memberikan bantuan / fasilitas yang dibutuhkan.

Kepada yang bersangkutan diwajibkan :

1. Menghormati dan mentaati peraturan dan tata tertib yang berlaku di wilayah riset / penelitian;
2. Tidak dibenarkan melakukan riset / penelitian yang tidak sesuai atau tidak ada kaitannya dengan judul riset / penelitian dimaksud;
3. Melaporkan hasil riset / penelitian kepada Badan Kesbanglinmas DIY.

Rekomendasi Ijin Riset / Penelitian ini dinyatakan tidak berlaku, apabila ternyata pemegang tidak mentaati ketentuan tersebut di atas.

Demikian untuk menjadikan maklum.



Tembusan disampaikan Kepada Yth. :

1. Gubernur DIY (sebagai laporan);
2. Dekan Fakultas Bahasa dan Seni UNY;
3. Yang bersangkutan;



PEMERINTAH KABUPATEN WONOGIRI
KANTOR KESATUAN BANGSA DAN POLITIK

Jl. Pemuda I / 8 Wonogiri (0273) 325373 107
WONOGIRI 57612

SURAT REKOMENDASI

Nomor : 072 / *Jgj8*.

**TENTANG
SURVEY/RISET/PENELITIAN/PENGABDIAN MASYARAKAT**

Memperhatikan/menunjuk Surat Kepala Badan Kesatuan Bangsa, Politik dan Perlindungan Masyarakat Provinsi Jawa Tengah Semarang tanggal 23 Desember 2013 Nomor: 070/2659/2013 perihal Permohonan Ijin Penelitian.

Pada prinsipnya kami TIDAK KEBERATAN/Dapat menerima atas Ijin Penelitian di Kabupaten Wonogiri. Yang dilaksanakan oleh :

- | | | |
|---------------------|---|--|
| 1. Nama | : | NUR AFIF WIBOWO. |
| 2. Kebangsaan | : | Indonesia. |
| 3. Alamat | : | Nglorog, Rt: 05, Rw : 08, Desa/Kel. Mojopuro, Kec. Jatiroti, Kab. Wonogiri. |
| 4. Pekerjaan | : | Mahasiswa. |
| 5. Penanggung Jawab | : | Dr. SUWARDI, M. Hum. |
| 6. Maksud/Tujuan | : | Mengadakan kegiatan Penelitian dalam rangka penyusunan Tugas Akhir / Skripsi dengan judul " RITUAL JAMASAN WONTEN ING PAGUYUBAN PENGHAYAT KEPERCAYAAN TERHADAP TUHAN YANG MAHA ESA SASTRA JENDRA HAYUNINGRAT PANGRUWATING DIYU ". |
| 7. Lokasi | : | Desa Domas, Kec. Bulukerto, Kab. Wonogiri. |

KETENTUAN SEBAGAI BERIKUT :

1. Sebelum melakukan kegiatan terlebih dahulu melaporkan kepada Pejabat setempat/Lembaga swasta yang akan dijadikan obyek lokasi untuk mendapatkan petunjuk seperlunya.
2. Pelaksanaan survey/Riset tidak disalahgunakan untuk tujuan tertentu yang dapat mengganggu kestabilan pemerintah.
3. Untuk penelitian yang mendapat dukungan dana dari sponsor baik dari dalam negeri maupun luar negeri, agar dijelaskan pada saat mengajukan perijinan.
4. Tidak membahas masalah Politik dan atau agama yang dapat menimbulkan terganggunya stabilitas keamanan dan ketertiban.
5. Surat Rekomendasi dapat dicabut dan dinyatakan tidak berlaku apabila pemegang Surat Rekomendasi ini tidak mentaati/mengindahkan peraturan yang berlaku atau obyek penelitian menolak untuk menerima Peneliti.
6. Setelah survey/riset selesai, supaya menyerahkan hasilnya kepada Bupati Wonogiri Cq. Kepala Kantor Kesatuan Bangsa dan Politik.
7. Surat Rekomendasi ini berlaku dari **tanggal 30 Desember 2013 s/d 30 Maret 2014.**

Demikian untuk menjadikan perhatian dan maklum.

Dikeluarkan di Wonogiri, 30 Desember 2013.



Tembusan, Kepada Yth :

1. Bupati Wonogiri,Sebagai Laporan.
2. Dekan Fak. Bahasa dan Seni UNY.
3. Kasat Intelkam Polres Wonogiri.
4. Kepala Kantor Litbang dan Iptek Kab. Wonogiri.
5. Camat Bulukerto, Kab. Wonogiri.

SULARDI, S.Sos, MH.
Pembina
NIP. 19640423 198607 1 001.



SURAT REKOMENDASI SURVEY / RISET

Nomor : 070 / 2659 / 2013

- I. DASAR : 1. Peraturan Menteri Dalam Negeri Republik Indonesia. Nomor 64 Tahun 2011. Tanggal 20 Desember 2011.
2. Surat Edaran Gubernur Jawa Tengah. Nomor 070 / 265 / 2004. Tanggal 20 Februari 2004.
- II. MEMBACA : Surat dari Gubernur DIY Nomor 070 / 2340/ Kesbang / 2013 Tanggal 19 Desember 2013..
- III. Pada Prinsipnya kami TIDAK KEBERATAN / Dapat Menerima atas Pelaksanaan Survey / Riset di Kabupaten Wonogiri.
- IV. Yang dilaksanakan oleh
1. Nama : NUR AFIF WIBOWO.
 2. Kebangsaan : Indonesia.
 3. Alamat : Karangmalang Yogyakarta.
 4. Pekerjaan : Mahasiswa.
 5. Penanggung Jawab : Dr. Suwardi, M.Hum.
 6. Judul Penelitian : RITUAL JAMASAN WONTEN ING PAGUYUBAN PENGHAYAT KEPERCAYAAN TERHADAP TUHAN YANG MAHA ESA SASTRA JENDRA HAYUNINGRAT PANGRUWATING DIYU . . .
 7. Lokasi : Kabupaten Wonogiri.

V. KETENTUAN SEBAGAI BERIKUT :

1. Sebelum melakukan kegiatan terlebih dahulu melaporkan kepada Pejabat Setempat / Lembaga Swasta yang akan dijadikan obyek lokasi untuk mendapatkan petunjuk seperlunya dengan menunjukkan Surat Pemberitahuan ini.
2. Pelaksanaan survey / riset tidak disalah gunakan untuk tujuan tertentu yang dapat mengganggu kestabilan pemerintahan. Untuk penelitian yang mendapat dukungan dana dari sponsor baik dari dalam negeri maupun luar negeri, agar dijelaskan pada saat mengajukan perijinan. Tidak membahas masalah Politik dan / atau agama yang dapat menimbulkan terganggunya stabilitas keamanan dan ketertiban.

3. Surat Rekomendasi dapat dicabut dan dinyatakan tidak berlaku apabila pemegang Surat Rekomendasi ini tidak mentaati / mengindahkan peraturan yang berlaku atau obyek penelitian menolak untuk menerima Peneliti.
4. Setelah survey / riset selesai, supaya menyerahkan hasilnya kepada Badan Kesbangpol dan Linmas Provinsi Jawa Tengah.

VI. Surat Rekomendasi Penelitian / Riset ini berlaku dari :

Desember 2013 s/d Februari 2014.

VII. Demikian harap menjadikan perhatian dan maklum.

Semarang, 23 Desember 2013

an. GUBERNUR JAWA TENGAH
KEPALA BADAN KESBANGPOL DAN LINMAS
PROVINSI JAWA TENGAH





DEWAN PENGURUS PUSAT (DPP) 120
PAGUYUBAN SASTRA JENDRA HAYUNINGRAT PANGRUWATING DIYU

Sekretariat : Jl. Selat Lombok Blok G4 No. 8, Kav. TNI AL, Duren Sawit - Jakarta 13440 Telp. (021) 86601683
Bank Danamon, Bank BCA

SURAT KEPUTUSAN
Nomor : 105 /SK – SJ/DPP/2010

Tentang

SUSUNAN DEWAN PENGURUS
PAGUYUBAN SASTRA JENDRA HAYUNINGRAT PANGRUWATING DIYU
RANTING KECAMATAN BULUKERTO
KABUPATEN WONOGIRI
JAWA TENGAH

- MENIMBANG** : 1. Bahwa untuk lebih meningkatkan pelaksanaan tugas sehari-hari organisasi, PAGUYUBAN SASTRA JENDRA HAYUNINGRAT PANGRUWATING DIYU memandang perlu mengadakan penataan serta pemberahan organisasi.
2. Bahwa untuk menunjang sasaran yang akan dicapai, PAGUYUBAN SASTRA JENDRA HAYUNINGRAT PANGRUWATING DIYU perlu segera menetapkan susunan Dewan Pengurus Ranting Kecamatan Bulukerto, Kabupaten Wonogiri.
3. Bahwa Susunan Dewan Pengurus Ranting Kecamatan Bulukerto, Kabupaten Wonogiri PAGUYUBAN SASTRA JENDRA HAYUNINGRAT PANGRUWATING DIYU periode tahun 2010 s/d Munas dan Musda dan ditetapkan dalam Surat Keputusan.
- MENGINGAT** : 1. Pancasila.
2. Undang – Undang Dasar 1945.
3. Undang – Undang No. 8 Tahun 1985 tentang Organisasi Kemasyarakatan serta aturan pelaksanaannya.
4. Peraturan Pemerintah No. 18 Tahun 1986 tentang Pelaksanaan Undang – Undang No. 8 Tahun 1985.
5. Peraturan Menteri Dalam Negeri No. 5 Tahun 1986 tentang Tata Cara pemberitahuan kepada Pemerintah serta Papan Nama dan Lambang Organisasi Kemasyarakatan.
6. Peraturan Bersama Menteri Dalam Negeri dan Menteri Kebudayaan dan Pariwisata No: 43 Tahun 2009 dan Nomor: 41 Tahun 2009, tentang pedoman Pelayanan Kepada Penghayat Kepercayaan Terhadap Tuhan Yang Maha Esa.
7. Anggaran Dasar dan Anggaran Rumah Tangga PAGUYUBAN SASTRA JENDRA HAYUNINGRAT PANGRUWATING DIYU.



DEWAN PENGURUS PUSAT (DPP) 121
PAGUYUBAN SASTRA JENDRA HAYUNINGRAT PANGRUWATING DIYU

Sekretariat : Jl. Selat Lombok Blok G4 No. 8, Kav. TNI AL, Duren Sawit - Jakarta 13440 Telp. (021) 86601683
Bank Danamon, Bank BCA

MEMPERHATIKAN: 1. Keputusan Rapat DPP yang telah disetujui Sesepuh PAGUYUBAN SASTRA JENDRA HAYUNINGRAT PANGRUWATING DIYU.

MEMUTUSKAN

- MENETAPKAN :**
1. Susunan Dewan Pengurus Ranting Kecamatan Bulukerto. Kabupaten Wonogiri PAGUYUBAN SASTRA JENDRA HAYUNINGRAT PANGRUWATING DIYU untuk periode Tahun 2010 s/d Musda dan Munas .
 2. Susunan Dewan Pengurus Ranting Kecamatan Bulukerto. Kabupaten Wonogiri PAGUYUBAN SASTRA JENDRA HAYUNINGRAT PANGRUWATING DIYU adalah sebagaimana tercantum dalam lampiran Surat Keputusan ini, dan merupakan bagian yang tidak terpisahkan.
 3. Apabila terdapat kekeliruan atau kesalahan dalam Surat Keputusan ini, maka akan dibetulkan dikemudian hari.

Ditetapkan di : WONOGIRI
Pada Tanggal : 5 Desember 2010

**Paguyuban
SASTRA JENDRA HAYUNINGRAT
PANGRUWATING DIYU**

Eddy Setyanto, S.Sos, M.Si
Sekretaris Jendral

DEWAN
PENGURUS PUSAT
DPP
KPH. Darudriyo Sumodiningrat
Ketua Umum

Tembusan:

1. Ketua I DPP Bidang Organisasi
2. Ketua DPC Khusus Surakarta
3. Arsip



DEWAN PENGURUS PUSAT (DPP) 122
PAGUYUBAN SASTRA JENDRA HAYUNINGRAT PANGRUWATING DIYU

Sekretariat : Jl. Selat Lombok Blok G4 No. 8, Kav. TNI AL, Duren Sawit - Jakarta 13440 Telp. (021) 86601683
Bank Danamon, Bank BCA

SUSUNAN DEWAN PENGURUS RANTING KEC. BULUKERTO.

KABUPATEN WONOGIRI. JAWA TENGAH

PAGUYUBAN SASTRA JENDRA HAYUNINGRAT PANGRUWATING DIYU

Sekretariat : watuploso Rt 06/01.Desa Domas.Kecamatan Bulu Kerto.Kab:Wonogiri.Jaawa Tengah.
Telp:085293818600

DEWAN PENGURUS

KETUA : KRT.CIPTO ASMORO

WAKIL KETUA : LARSO

SEKRETARIS : MUJIARSO

WAKIL SEKRETARIS : KASTURI

BENDAHARA : SRI GIATMO

WAKIL BENDAHARA : KASTO

Sekretaris Jendral

KRT. Eddy Setyanto, S.Sos,M.Si

DEWAN
PENGURUS PUSAT
DPP

Ketua Umum

KPH. Darudriyo Sumodiningrat

Tembusan:

4. Ketua I DPP Bidang Organisasi
5. Ketua DPC Khusus Surakarta
6. Arsip



123

Rp. 5000,-

FORM 1

KEANGGOTAAN DAN WEJANGAN

WILAYAH :

No. : SJ 00431

Nama Lengkap : KRT CIPTO ASMORO ADINAGORO

No.KTP/SIM : 33.1218.040460.0003

Tempat Lahir : WONOGIRI Tanggal Lahir : 4 APRIL 1960

Jenis Kelamin : LAKI - LAKI Gol.Darah _____

Alamat : DUSUN WATUPLOSO RT. 006 RW. 001

Kel. DOMAS Kec. BULUKERTO

Kota: WONOGIRI Kode Pos 57697

Telepon : 085291138800 e-mail :

Agama : ISLAM Status Perkawinan: KAWIN

Pekerjaan : SENIMAN (DALANG)

Formulir ini mohon diisi secara lengkap dan jelas, ditanda tangani dan disertai Paspoto ukuran 3x4 cm (2 helai) dan 1 photocopy KTP

No. Anggota:
001

diisi oleh DP Pusat

Saya yang bertanda tangan di bawah ini, menyatakan keinginan untuk menjadi anggota dan mendapatkan wejangan serta bersedia membantu kegotong royongan sesama anggota/kadang, dalam hal ini memenuhi Iuran Wajib, Mengisi kas sukarela dan membayar kebutuhan untuk melaksanakan wejangan.

Tanda tangan Pemohon :

(KRT. CIPTO ASMORO, ADINAGORO)

Diwejang tgl : 10 - 02 - 1983

Di kota : SURAKARTA

Dibawa Oleh : JASMANI

Diwejang Oleh : KRT RUSPONO

Serahkan formulir ini setelah diisi lengkap kepada Ketua DPC Wilayah atau ke alamat Sekretariat, untuk diproses menjadi anggota, jika telah memenuhi persyaratan anda akan mendapatkan Kartu Anggota bagi yang telah menerima Wejangan.

Dewan Pengurus Pusat
PAGUYUBAN SASTRA JENDRA HAYUNINGRAT PANGRUWATING DIYU
 Sekretariat Jl. Selat Lombok Blok G4 No. 8, Kav. TNI AL, Duren Sawit - Jakarta 13440
 Telp. (021) 86601683

Yang menerima,

()
SEKJENDDEWAN
PAGUYUBAN SASTRA JENDRA HAYUNINGRAT PANGRUWATING DIYU PUSAT

Diproses oleh,

()
Ketua 1 DPP

Tembusan: * Ketua Umum